

# L Ap Pwouve Pawòl Li

64-0816

## Branham Tabènak, Jeffersonville, Etazini

1 An nou rete kanpe epi koube tèt nou. Seyè Jezi, nou rekonesan anvè Ou maten an pou privilèj nou genyen pou vini nan prezans Ou lakay Ou, kote pèp Ou rasanble nan Non Ou. E tout bagay se pou Ou, Seyè. E nou remèt nou nan men Ou kounye a pou lespwa nou genyen nan kè nou pou gen yon--yon sèvis pou sila yo ki san Bondye e san Kris, pou ke yo ka sove, pou ke malad yo ka geri, e ke sen yo ka beni. Akòde li, Seyè. Epi lèfini, nou va koube tèt nou nan imilite epi ba Ou lwanj pou tout sa Ou fè nan nou jodi a. Paske se nan Non Jezi nou te mande li. Amèn. Nou mèt chita.

2 Mwen vrèman rekonesan pou privilèj mwen genyen pou m isi a ankò jodi a, e pou pèp ou ki vwayaje sitèlman lwen pou vini pou Mesaj la, pou sèvis lan maten an. M konnen nou pat vini jis pou wè oswa pou tandè m, nou vini pou rankontre Seyè Jezi. E kifè mwen gen konfyans ke Li va ba nou dezi kè nou.

3 Kounye a m--mwen retounen, mwen vin tounen, mennen fanmi an Tucson epi retounen. Mwen bouke epi fatige. E m ale tout ete a, depi janvyè pase, e kounye a mwen desann pou m ale Kentucky fen semenn sa, pou m al lachas avèk kèk zanmi, pou m eseye detann mwen yon ti kras. Sa rann mwen sitèlman nève, ou konnen, kifè mwen...Billy avè m nou toude prèske kaba, kifè nou--nou priye pou ke Bondye ede nou pou detann nou semenn sa.

4 Si Seyè a vle, m vle retounen isi a ankò dimanch pwochen si Seyè a vle. E mwen vle gen yon sèvis espesyal dimanch pwochen. Ebyen, mwen vle fè yon bagay on ti jan diferan ke dabitid. Kounye a, mwen bay sa pou ke moun ki ta renmen...ki pa ta enterese pa ta oblije vini, men nou toujou priye pou malad yo, si Seyè a vle, lè moun yo vini. E dimanch pwochen mwen vle wè kisa k nan kè nou tout. Mwen--mwen vle nou ekri, jodi a, lè n ap pati, epi

depoze l sou biwo a, epi Frè Neville va bay Billy Paul yo, epi li va remèt mwen yo, sa k sou kè nou. Jis di...si se yon kesyon bibliik, dabitid mwen fè l konsa. M pral louvri l on ti jan pi lwen kounye a, petèt si gen yon pwoblèm sou kè w ke--ke ou--ou pa ka travèse yon fason kèlkonk, tankou ou genyen, o, petèt yon twoub nan fwaye w. Ou pa bezwen siyen non w pou sa, men jis: "Mari m fè tèl tèl bagay e sa deranje m." "Madanm mwen fè tèl tèl bagay." "Epi--epi gen--gen yon sèten bagay ki rive nan lavi," oswa--oswa yon bagay, ou konnen, jis sa k sou kè w, yon bagay k ap twouble w. Mwen kwè sa ta byen. E oumenm? Alò jis jwenn la, e petèt poze kesyon an e mwen va reponn pou yon lòt moun. E jis sa k sou kè w, rann li osi brèf ke posib, tankou: "Mwen gen yon timoun ki sanble l ap konpòte l mal, kisa pou m fè?" "Mwen gen yon--yon mari ki pa vle vin legliz avè m. Li vin awogan avèk mwen, kisa pou m fè?" Oswa, yon madanm, menm jan an. Oswa--oswa, ou konnen: "Bib la di sa yon kote epi sa nan yon lòt kote, m pa konprann li. Bagay sa yo, m ta renmen konnen kisa l vle di." "Epi èske m ta dwe, nan ka yon Kreyen, lè m ap travay nan biwo a, epi patron an di tèl tèl bagay, epi li mande m pou m al avèk li nan yon fèt, e nan fèt sa yo bwè, kisa m dwe fè? Ou wè, jis, ou konnen, bagay ki nan panse yon èt imen. Nou vle w fè sa.

5 E, kidonk, alò mwen--mwen dwe retounen alò, apre sa, nan Arizona. E mwen te panse mwen ta gen--ta gen yon chans pou m on jan ede w konprann, epi pi byen ke m kapab. M ta renmen genyen otan ke m kapab mete sou chè a jodi a anvan nou pati. Jis ekri l epi depoze l isi a, epi Frè Neville oswa youn ladan yo va ban mwen yo. E semenn sa, laba nan mòn yo, mwen va gen yon--yon chans pou etidye l epi--epi priye sou li, epi obteni repons Eskriptirè pou nou pou chak bagay ke m kapab, pou ede nou. Paske se poutèt sa nou rasanble isi a, se pou ede nou youn lòt. Ou wè? Nou ede m lè n ap priye pou mwen, e mwen espere mwen ka ede nou. Kounye a, alò, pa bliye, se va dimanch maten pwochen.

6 E kounye a, jodi a, nou...se vizitè avèk nou, kòm dabitid. E konbyen ki soti nan yon distans de san mil mil, leve men nou? Sa se katrevendiznèf pousan kongregasyon an. Kèk dimanch pase, mwen te di: "Konbyen ki soti sitèlman lwen," oswa kèk bagay, e mwen pat kapab jwenn okenn men moun ki soti Jeffersonville. Huh! Jou apre a, mwen vin konnen sa, alò, yo di: "Frè Branham, tout vizitè yo antre," epi li di: " nou jis kite yo pran plas nou nan legliz la." Kifè yo di yo vini, plizyè santèn te vini e yo pat ka antre, yo di: "Paske nou wè vizitè yo, ou wè." Bon, moun Jeffersonville pa bò isi a yo janti. Nou--nou--nou rekonesan pou sa, Jeffersonville ak New Albany, ak moun ki bò isi a. Nou rekonesan pou sa. Konbyen moun ki soti nan yon distans de milsisan nèf kilomèt? leve men nou? o, bonte! Se byen. Sa se...

7 Dimanch dènye, sa fè yon semenn pase, m te pale sou sijè *Kay K ap Vini Pou Epouz Ak Epou a*, e mwen panse nou te nan kenzsan mil kare ozalantou. E, sa te rive, ke se te egzaktemen mezi Vil ke m t ap pale a, kenzsan mil kare. M t ap fete sou Sa depi lè sa, alòske m konnen lè vi sa va fini, m va ale nan Vil sa. Mwen lye ak Vil sa, e okenn lòt bagay pa gen enpòtans. E si solèy la pa briye jodi a, oswa demen pa janm vini, ki diferans sa fè? Nou gen yon Kay, yon Plas pou nou repoze nou. Fatige oswa pa fatige, nou toujou gen Plas sa pou nou repoze nou an. Ou va di: "Sa se rèv yon vyeya." Non, se pa sa. Se pa sa. Se Laverite Biblik.

8 Yon swa apre m te fin pale isi a, te gen yon nonm ki te kouri vin dèyè estrad la isi a, antan m t ap sòti nan pòt la, m t ap eseye al monte nan machin lan. E jenn kamarad sa di: "Mwen jis vle di w yon sèl mo." Billy ak kèk nan frè yo t ap eseye fè m monte nan machin lan. Li di: "Èske m ka di jis yon mo?"

Mwen di: "Pale, mesye."

9 Epi li di: "Ou t ap pale aswè a, ou t ap reprimande fanm yo, sou fason yo abiye, pou rad sa yo pote yo." Yon nonm nan laj ou ap panse sa, men si w te gen laj mwen ou t ap panse diferan."

Mwen di: "Ki laj ou genyen?"

Li di: "M gen vennsèt an."

10 Epi mwen di: "M te gen dis, kenz an pi jenn ke ou, m t ap preche menm bagay la." Ou wè? Mwen di: "Se sa k nan kè w, gason. Je w yo wè atravè kè w." E li jis bese tèt li epi li pati. M panse pa gen okenn repons sou sa. Ou wè, sa depann de sa k *isi a* se sa ki pral sòti *isi ak isi a*. Ou wè, Jezi di: "Si ou pale diferan par rapò ak sa k *isi a*, alò ou vin yon ipokrit."

11 Mwen kontan maten an, yon kote kèlkonk nan kongregasyon an, pou m genyen yon--yon zanmi trè presye pou mwen, frè, Reveran Eddie Byskal ak madanm li ak pitit li yo. M sipoze yo dwe nan reyinyon an maten an. Eddie, èske w la? Mwen--mwen te panse ou...Ebyen, petèt li pat gen pou l vini. Frè, o, wi, lwen...Kounye a, sa se pa kwen "Amèn" lan, Eddie. Ou byenvini sou estrad la isi a avèk nou, minis yo, si w vle vini. Epi nou te...

12 Frè Eddie te la lè Seyè a te ban m vizyon sou lous la ak karibou a. ...Konbyen moun ki sonje lè m te di nou sa? Trè byen, li te la. Se li ki te jenn kanmarad ak chemiz a akawo a, Frè Eddie Byskal. E li te kanpe la kote...e mwen te mande...Mwen--mwen te mande yo si yo te gen yon chemiz a kawo, nenpòt nan yo. "Non," pèsonn pat genyen

I. Mwen di: "Ebyen, se petèt...Dwe genyen yon chemiz a kawo. Pral gen yon--yon gwo grizli koulè ajan, e--e yon sòt de animal ki gen kòn li yo ki mezire karantde pous, tankou sa, ki te sanble ak yon sèf." E sa sete anviwon sis mwa, mwen te di l isi a, ou konnen, anvan li rive; lontan, sou sa, o, pi bonè ke sa nan ane a.

13 Alò nonm sa te envite m, pou al a lachas. M pa janm retounen nan peyi sa, kote nou t ale a, e mwen di l. Men ti chimen sa, ki anwo a sou wout Alaska a, kote pa gen lòt bagay ke bwa ak mòn ak zannimo. E jou swa sa nan karavàn lan lè m te di Frè Byskal laba a ak--ak Frè Southwick, li di: "Ebyen, mwen--mwen...Nou prale nan peyi mouton yo," li di, "li p ap anwo a la."

14 Epi mwen di: "Wi," epi mwen di, "te gen youn nan ti kanmarad ki te avèm yo ki te gen yon chemiz a kawo sou li." Pèsonn pat gen chemiz a kawo, Frè Byskal pat gen youn, pèsonn pami rès lòt yo pat genyen.

15 Dezyèm nwit lan, nou wè, nou te repere yon belye anwo liy pyebwa yo. Bon, se anwo nèt kote pyebwa pa menm pouse, kote pa gen lòt bagay ke karibou ak mouton, e nou te repere kèk byen lwen. E antan n te sou wout la jou apremidi sa, Frè Byskal te trebiche nan kèk dlo epi li te mouye.

16 Nan demen maten nou leve bonè epi nou pati al dèyè belye yo ke nou te panse nou ta pral jwenn. E sou...Nou te monte la epi nou te...te manje dine nou, e nou pat ka jwenn belye yo, epi Frè Byskal te fenk sot tire yon karibou. Kifè alò mwen, antan m gade ozalantou m, e nou te monte, Frè Southwick di m, li di: "Mwen kwè nou pral...si w vle mache tout bon, Frè Branham, nou pral monte sou tèt mòn sa, epi nou va desann nan twou sa, belye yo ka ale laba," se yon long mach. Men li pa fè nwa petèt jouk li vin byen ta, se petèt a dizè oswa onzè pafwa.

17 E se yon bon long mach sou mòn wòch sa yo. Kifè mwen renmen mache, e kifè nou te jis kanpe la avèk bra nou ki antoure youn lòt, bab nou toulede ki vin gri, avèk bra nou ki antoure youn lòt, n ap kriye e nou konnen, mwen di: "Frè Bud, mwen espere yon jou, nan Milenyòm lan, mwen kapab mache sou tout mòn sa yo la."

18 Li di: "Mwen espere mwen va avè w, Frè Branham." E nou te kanpe la, jis ap rejwi nan Seyè a. E mwen sitèlman renmen montay!

19 Epi nou te desann. Se lè sa Frè Byskal la te tire karibou a--a--a. Sa, li se yon misyonè pou Endyen yo, e li te vle nourri Endyen l yo avèk sa. Kifè nou te desann, manje dine nou, epi nou te prepare karibou a epi nou te retounen.

20 Bud avèk mwen nou t ap travèse montay la, e nou te arive gade, e nan yon distans, ak linèt mwen, m te repere animal sa ke m te wè a, jis nan yon panorama, jan m te di nou isi a. Frè Byskal la, kanpe drèt bò kote nou. Epi kifè mwen di: "Men animal la."

21 E li te mete linèt yo, epi li di: "Se yon vye gwo kokenn chenn towò karibou."

22 Epi mwen di: "M pa janm wè, mwen te panse yo te gen kòn panèl." Men sila te gen kòn ak pwent, li te sanble yon tip etranj, jis jan m te wè l nan vizyon an. M pat janm tire Karibou anvan.

23 "Kifè, ebyen," li di, "si Seyè a ba ou l," li di, "sa t ap jis..."

24 Mwen di: "Wi, se sa sètènman. Sèl bagay m ap mande m se chemiz a kawo sa." Epi m te voye je m gade ozalantou, epi Frè Eddie, madanm li dwe te mete l, li te la avè l, li dwe te mete l nan sak a do l. Lè li te mouye jounen anvan an, li te chanje chemiz, e men chemiz a kawo a. Mwen di: "Se sa."

25 Lè m t ale la epi m te pran karibou a, li, Bud, te di m. li di: "Bon, Frè Branham, ou di ke kòn sa yo mezire karantde pous?"

Mwen di: "Se sa y ap ye."

Li di: "Yo sanble pou mwen apeprè katreven douz."

Mwen di: "Non. Yo mezire karantde pous."

26 Li di: "Kounye a, dapre sa w te di m, anvan nou retounen bò kot gason sa laba avèk chemiz a kawo a sou li, Eddie," (kote yo ta pral rankontre nou anba mòn lan, nan kèk kilomèt), li di: "Ou pral touye yon ous grizli."

Mwen di: "Sa SE SA SEYÈ A DI."

27 Li di: "Frè Branham, ki kote l ap sòti? M ka wè ozalantou de katreven kilomèt."

28 Mwen di: "Li se toujou Jewova Jire. Seyè a kapab pouvwa Limenm, ou wè. Li ka fè ekirèy vini a legzistans. Si Li te ka fè yon belye vini a legzistans, si Li te di yon lous, yon lous ka vini a legzistans."

29 Nou te eseye desann ak karibou lou sa, twofe a, anba montay lan, e mwen te pote fizi a yon pati nan tan an, epi li te pote fizi a, e vis vèsa. E lè nou te prèske rive bò kot yon gwo glasye, ebyen, nou te antre anba la. Li te on

jan fè cho, nou te antre anba glasye glas la, epi nou te chita la yon moman pou refwadi. Li di: "Ou konnen, Frè Branham, nou pa elwaye plis ke anviwon de kilomèt de kote Eddie ak Blaine, de mesye sa yo, kanpe a. Vye lous ta fè mye parèt."

Mwen di: "Bud, mwen kwè w ap doute li."

30 Li di: "Frè Branham, frè m lan te gen kriz epileptik depi anpil lane. E ou te di m yon fwa, premye fwa isi a, lè nou t ale nan yon lòt plas, ou te di m a kisa ti gason sa te sanble." Epi Eddie t ap monte yon cheval la jis akote m lan, lè Seyè a te bay vizyon an. M te di yo kisa pou yo fè ak gason an; kriz yo te rete. Epi kounye a li di: "M pa ka doute sa."

31 Mwen di: "Bud, m pa konn ki kote lous la ap sòti." Men m te gen anviwon senkant, m gen senkantsenkan kounye a, kifè sa fè anviwon twazan pase. M te prèske gen senkantde oswa senkantwa. Mwen di: "M pa janm wè Sa fayi. Bondye ap ban m ous grizli sa anvan m rive bò kot ti mesye yo." E nou te prèske rive kote ti episea ak pyebwa yo te konmanse.

32 Yon ti kras pi ba kolin lan, nou te prèske nan pyebwa yo, li te chita. Se li ki t ap pote twofe a lè sa a, m t ap pote fizi a. Epi li di: "Vye ous sa ta fè mye vini, pa vre?"

Mwen di: "L ap la. Pa enkyete w."

Li di: "M ka wè chak kolin."

33 Mwen di: "Mwen...Men mwen wè pwomès la!" Ou wè? Ou wè, Li pwomèt li. Mwen di: "Kèlkeswa sa Li..." Mwen di: "Bud, kisa ki laba la menm?"

34 Li te voye je l gade, li di: "Se yon gwo grizli ajante." Li di: "Se li." Lè nou te pran grizli a epi nou te retounen... M te sonje nan vizyon an m te di nou, mwen te pè fizi a. Li te on ti jan piti .270, ak ti bal, ou wè. Li sou kasèt. E mwen te pran lous la, jis apeprè senksan vèj, kòm Sa te di. Bud di: "Ou ta fè mye tire lous sa sou dèyè." Li di: "Èske te janm tire yon grizli anvan sa?"

Mwen di: "Non."

35 Li di: "O, yo pa konn kisa lanmò ye!" Mwen te aprann sa yon ti kras pita. Kifè li di: "Yo pa kraze anba chòk," li di, "ou fè mye tire l."

Mwen di: "Dapre vizyon an, mwen te tire l nan kè."

36 Li di: "Ebyen, si vizyon an di l konsa, m ap pran pozisyon bò kote w."

37 Epi m di: "Men ni." E nou te avanse on ti kras pi pwòch, e lè m te leve, lous la te wè m. Se sa li te vle, pou chaje. E mwen--mwen te tire lous la, sa pat sanble ke li te menm fè l mal. Men li ki t ap vini! E anvan m te ka tire yon lòt bal nan fizi a, lous la te mouri a anviwon senkant vèj de kote l te ye a.

38 Bò bouch Bud te blan, li di: "Frè Branham, m pat vle l vin sou janm mwen."

Mwen di: "M pat vle sa non pli."

39 Li di: "Mwen kontan ke vizyon sa te di ou genyen l." Li di: "Kounye a, si sa, si kòn sa yo mezire karantde pous, m pral gen yon..." M ap di l jan l te di l la, li di: "M pral fè yon kriz dangwas."

40 Mwen di: "Ebyen, ou jis genyen l kounye a menm, paske se sa li pral ye."

41 Lè nou te rive bò kot Frè Eddie, mwen di Frè Eddie...Nou te mare chwal yo, yo pè lous. Epi, o, la la, yo dwe te santi l. Nou pat kapab retire po l, li te two ta; nou te dwe retounen nan demen. Epi nou te kase chèn lan anviwon dis fwa, epi chwal yo t ap kouri tout kote. Kifè alò lè nou te desann la, li di...Li te ale e li te pran mèt pou mezire a nan sak pou sele chwal la, li di: "Blaine."

42 Mwen di Frè Eddie, mwen di: "Siveye ti men sa kounye a, dapre..." Mwen panse sa te ka Billy Paul, yon ti men tou piti ki kenbe mèt pou mezire a alantou kòn lan. Mwen di: "Siveye ti men sa," mwen te frape Frè Eddie. Nou te rekile. Li te mete l an plas *konsa*, egzakteman sou nen an, karantde pous. Ou wè, jis egzakteman. Jezi pa janm fayi! Pawòl sa p ap janm fayi toutotan li sot nan Bondye.

43 M sot wè nan mitan nou, Frè ak Sè Jackson ki sot Afrik di Sid. Mwen panse yo deja entwodwi yo. E--e èske se sa, Frè Jackson? Maten an, leve kanpe, oumenm ak Sè Jackson? M jis ta renmen yo wè. Frè m lan, Eddie, sa se yon ansyen patnè lachas ki sot Afrik di Sid, tou, byen lwen. Bondye beni nou, Frè Jackson ak Sè Jackson, nou sitèlman kontan pou n isi a avèk nou. E tout minis nan bilding lan leve men nou, tout sa yo ki nan ministè a. Ebyen, se byen epi janti, se bon. Bondye beni nou. Nou kontan poutèt nou tout ki isi a maten an. M pral gen yon liy pou lapriye nan kèk minit, kifè mwen--mwen pa...M ta swete fè nou tout kanpe epi avanse epi preche pou mwen. Nou sitèlman kontan genyen nou, nou chak.

44 Lè m ap panse a lwayote nou, epi--epi nou vini atravè tout peyi a, e latriye, pou tandè m ap pale de byenneme Seyè Jezi, konfyans ke nou genyen ke L ap tandè priyè m. M t ap pale jis kèk moman de sa de enterview prive ak yon sèten manm nan legliz sa, pa plis ke karant senk minit de sa, yon manman ak yon kè brize. E jis pandan ke m te konmanse di yon bagay a fanm lan, (m pa konnen si l vle ke mwen di kilès li ye oswa non), men menm Limyè sa ke nou wè nan foto a ki te vini. Tout bagay te fini, li te pati kontan. Nou sitèlman kontan, jodi a, nan laj chanbranlan sa ke n ap viv la, kote se apèn ou ka mete konfyans ou nan yon bagay, nou gen yon Wayòm ki pa ka ebranle, ki pa ka bouje. Inebranlab la! Pa woche Gibraltar la, men fwa nou ka repoze solanèlman sou Woche dè Zaj la, sou Jezikri, Woche inebranlab sali a.

45 M vle remèsye sè a ki pote ti bwat trinitè avèk yon Bib anndan l lan pou madanm mwen ki isi a. Li te fè yon alyans anvè Seyè a apwopo ti bwat sa. Li te cheri li. Li gen kèk...tankou foto ansyen tan sou li. E li te mande Seyè a...Li te cheri ti bwat la on ti kras twòp, petèt. Jis yon ti bwat òdinè ki gen fòm yon piramid. E li te pote l avèk yon Bib pou madanm mwen. Mèsi, sè. Tout ti kado nou yo ak lòt bagay ke nou bay Billy Paul epi sila yo, yo vin jwenn mwen. Mwen rekonesan pou tout bagay. Ke Bondye demere avèk nou.

46 Pa bliye kounye a, dimanch maten pwochen. Osito ke sèvis la fini jodi a, ekri kesyon w lan. Si w pa kapab, pote l dimanch maten pwochen. M ap vini on ti jan bonè, alò kite yo pote l nan biwo a, konsa mwen ka gen tan ba li yon kontèks eskriptirè. E nou va reponn kesyon yo dimanch maten pwochen, si Seyè a vle.

47 Kounye a, gen anpil mouchwa ki depoze isi a. E mwen pouse yo sou dèyè, jis nan entansyon pou mete nòt mwen--mwen yo isi a, e...Bib mwen an tou, kifè, oswa Bib mwen ak nòt mwen yo, pito, pou ke m ka gen yon ti plas. Men mwen...mwen priye pou nou chak.

48 M va ekri nòt mwen yo, m jis gen yon tan kout. M p ap kenbe nou janm te fè dènye fwa m te isi a, anviwon katrè. M fè tèt mwen pwomès la, si m te anrejistre yon kasèt konsa ankò, m t ap fè l pou kont mwen isi a, oswa yon lòt bagay, kifè m p ap bezwen gade nou sitèlman lontan.

49 Èske Doktè Lee Vayle la maten an? M te vle mande si Doktè Lee Vayle...Èske w isi a, Frè Vayle? Leve men w si w la. Èske l dèyè a? Trè byen, mèsi, Frè Roy. E mwen vle ou sèten ke w verifiye nòt sa yo, Frè Vayle. Ou yon kote nan foul la dèyè a la ke m pa ka wè, oswa nan koulwa a. Nou dwe siveye, nou pa ka kite twòp moun kanpe, komisè pou ensandi yo p ap pèmèt nou fè sa, ou wè, e konsa nou ye. M vle w verifiye revelasyon m lan konsènan Semans Sèpan an, pou ki enjekte nan premye, Aj Legliz Efèz ke l ap ekri a, revize gramè a pou mwen. Trè byen



fè! E mwen vle ou verifye sa e kite yon moun di yon bagay kont Semans Sèpan an kounye a (menm si li te jis, oswa non)! Kifè Seyè a fenk sot ban mwen l yè, ou wè. O, sa depase! Kijan m resevwa yon mesaj, m jis ap avanse epi yon Bagay frape m. Alò...E si m konnen se Bondye, m rebran l epi m chache l nan Lekriti. Alò mwen gen...Li pa janm fayi, men, de Jenèz a Apokalips, li vrè, kèlkeswa sa moun yo panse de Li. E li plis ke janmè konsa depi Sèt So sa yo. Ou wè, se sa k te pase fwa sa. Kifè se pou Seyè a beni nou kounye a alòske n ap fè etid la. Kounye a pa respè pou Pawòl la...

50 E mwen kwè yon moun, enjenyè a, pe enpòt sou kont ki moun li ye, gen yon ti rebondisman sou akoustik la. Bon èske nou ka tandè dèyè a, dakò? Leve men nou si nou kapab. Se byen!

51 Kounye a annou tounen nan Bib la, nan de plas nan Lekriti, e m pral eseye fè mesaj la pase epi soti atan, si Seyè a vle. E kounye a, annou tounen nan Mak, chapit 5 lan, epi nan Premye Wa, chapit 10 la; Mak, chapit 5 lan; Premye Wa, chapit 10 la.

52 Kounye a, pou etranje yo ki ka nan mitan nou, sa, nou mete lekòl di dimanch nou nan yon sèl gran klas. E se klas sa isi a, paske tout sal yo ranpli ak moun e nou pa ka gen klas regilye separe, e n ap fè etid on ti kras sou Pawòl la, ak kominyon ansanm. Nou pa...Nou pa yon denominasyon. Nou pa gen okenn denominasyon. Nou senpleman lib nan Seyè a, e nou pa yon bann fanatik. Nou jis ap anseye Bib la, e Sa sèlman. E Seyè a sitèlman bon pou nou, jouk Li apiye l epi Li montre ke sa se vre. E Sa ban nou yon gran konsolasyon.

53 Epi koulye a ou-ou byenvini nan mitan nou nenpòt ki lè a. Bon, m pa isit la tout tan an, men nou gen kèk pastè debyen isit la; Frè Neville, youn nan pastè nou yo; Frè Capps, yon lòt nan pastè nou yo; ak Frè — ak Frè Collins, Willard Collins, yon lòt, nan pastè nou yo. E answit nou gen diferan lòt ki sot lòt kote, ti legliz asosye nou yo. Si w nan sektè a - nan Texas, frè Martin yo isit la, ak frè ... Kiyès frè sa a ki vin avè w isit la? M po ko wè Frè Blair maten an. Oh, frè Blair, m pa t wè w, frè Blair. Frè Ruddell, jis dèyè a la a, youn nan legliz nan 62 a, youn nan legliz sè yo isit la. Frè Junior Jackson, ki chita la a kot Frè Blair a, m wè l kounye a, yon lòt legliz sè nou yo. Kifè nou gen legliz toupatou nan tout peyi a.

54 Frè Jack Palmer, sou wout li, mwen kwè ke yo ta pral ou ti jan twò vit, ak machin nèf ti gason l lan, ou jan, ou konnen, ou jan ap depase limit vitès la, epi l te fè yon aksidan. Li kase machwè l, kidonk li pa t kapab vini, li tounen lakay li. men li pa pi mal. Epi nou te gen ... Frè Ben, isit la, yon lòt frè nou yo ki sot Kentucky isit la, li te rele l maten an pou wè si yo te bezwen lajan oswa nenpòt bagay la ke legliz la te ka ede yo, li te di tout bagay te anfòm. Sèke

I te pran yon koub ak twòp vitès, epi I frape kèk gravye, e I kraze machwè I oswa yon bagay konsa. Kifè yo te rele lè yo te anba a, lè I te dirije machin li an sou yon poto oswa sa I te ye ya, epi-epi yo te rele pou mande priye pou yo.

55 Frè Billy Collins tou, nou konnen, te kraze gwo pous li vrèman grav, zo a te kase ladann, m tande, epi yo te dwe repara l. Konsa nou vle sonje I nan lapriyè.

56 Epi kounyeya rezon ki fè n kanpe. Lè n ap prete sèman, drapo ap monte, oswa nenpòt bagay la, nou toujou kanpe an gadavou, oswa salye, oswa kanpe, omwen, pou montre respè pou nasyon nou an, ke nou dwe fè l, e pou drapo nou an. Epi sak pase ak Seyè nou an, lè n ap li Pawòl li a? Ann kanpe kounye a pandan ke n ap li Sen Mak 5, epi na p kòmanse ak 21yèm vèsè a. Fè byen atansyon kounye a pandan ke nap li. Epi lè Jezi te travèse ankò lòt bò riv la sou bato, yon bann moun te vin jwenn li: e li te toupre ... lanmè a. Epi men youn nan chèf sinagòg yo ki te rele Jayiris; e lè I te wè l, li te tonbe nan pye l e te sipliye L anpil, li te di, ti Pitit fi m nan te kouche sou pwen mouri: -M priye w, vini epi met men w—men w yo sou li, epi I kab geri; e l ... va viv. ... Jezi te ale avè l; e pi fò moun te swiv li, epi te environnen L. Epi yon fanm kèlkonk, ki te gen yon pwoblèm pèt de san pandan douzan, ... li te soufri anpil bagay nan men anpil doktè, epi li te depanse tout sa l te genyen, e l pat fè mye, men pito te vin pi mal, Lè I te tande pale de Jezi, li te antre nan foul la pa deyè, epi touche rad li. Paske L te di nan kè l : Si m' ka manyen rad li sèlman, m va geri. Epi imedyatman, sous san l te cheche. epi l te santi nan kò l ke l te geri de maladi sa a. Epi Jezi, imedyatman konnen nan limenm ke vèti te soti nan li, te tounen sou ... nan foul la, li di, Ki moun ki touche rad mwen an? Disip li yo di l: -Ou wè foul moun yo ki antoure w, epi w di ... Kilès ki manyen m ? Apre sa li gade toutotou pou wè moun ki te fè bagay sa a. Men, fanm lan te pè e l t'ap tranble, li te konn sa k te pase nan li, te avanse e te tonbe devan l epi te di l tout verite a. Li te di l: -Pitit fi m, se fwa w ki geri w. ale ak kè poze, epi ke w dwe geri de maladi w la. Epi pandan ke ankò li t'ap pale, men yon moun ki sot kay chèf sinagòg la ki vin di, pitit fi w la mouri: poukisa w ap deranje Mèt la plis pase sa? Lè Jezi te tande pawòl sa yo k te di a, li te di chèf sinagòg la: Ou pa bezwen pè sèlman kwè. Epi li pa kite pèsonn swiv li, eksepte Pyè, ... Jak, ... Jan, frè Jak la. Epi li vini, li rive kay chèf sinagòg la, li wè pakèt eskonbrit, e lè ... sa k ap rele, kriye anpil. Lè l te antre, li di yo: -Poukisa n'ap plede fè tout bri sa yo e n ap kriye konsa? demwazèl la pa mouri, men l'ap dòmi. Epi yo tonbe ri, epi pase l nan betiz. Men lè l te mete yo tout deyò, li te pran papa a, manman an ak demwazèl la, manman demwazèl la (olye), e answit moun ki te avè l yo, li antre kot demwazèl la te kouche a. Epi li di demwazèl la, epi Li ... ( ekskize m) ... li pran men demwazèl la, li di li: Talitha kumi ; ki vle di, jenn fi, m di w li, leve. Menm lè a, jenn fi a leve, li mache.

paske li te ... gen douzan daj. Ebyen yo te pran yon gwo sezisman. Apre l di yo ke pèsonn pa ta dwe konn sa; Li bay lòd pou yo ba l yon bagay pou l manje.

57 Nan Premye liv Wa, 10yèm chapit, nou li twa vèsè sa yo. E Lè rènn peyi Saba a tandè pale de renome Salomon konsènan non Seyè a, li vin epwouve l ak keksyon difisil. Epi li te vin Jerizalèm avèk yon gwo tren, ak chamo ki te pote epis, ... anpil lò ak pyè presye: e lè l te rive kot Salomon, li ... li te pataje avè l sou tout sa ki te nan kè l. Epi Salomon reponn li tout kesyon li yo. Pat gen anyen ki te kache a Wa a, ke l pat di l.

58 Ann priye. Seyè Jezi, alòs ke n ap li istwa sa yo nan Bib la, kè nou ap ponpe ak lajwa. Paske n konnen ou se Bondye, epi w pa janm chanje. Ou pa janm chanje metòd ou yo, ou pa janm chanje fason w yo, ou rete Bondye pou tout tan. Epi nou priye, Bondye, pou ke w pote entèpretasyon an pou nou maten an, pou Ekriti sa yo ke w ta vle nou konnen, epi kè nou ta ka disène, gran Sentespri a ta vin nan mitan nou jodi a epi disène panse nou yo ak kè nou. E ke pa gen anyen k rete, ke kè n pa pral ... dwe tèlman ranpli ak lajwa lè n kite isit la ke n pral di tankou sila ki te sot Emmaus nan lannwit sa a, "Èske kè n pa ta p boule anndan nou alòs ke l t ap pale ak nou sou wout la?" Ou toujou rete Bondye, e nou se pitit grangou w yo ki rasanble maten an. Paske, li te ekri ke "Lòm va viv de chak pawòl ki soti nan bouch Bondye a." Beni reyinyon nou an ak tout moun sa yo, Seyè, ki vin dè santèn e, wi, dè milye de mil. Nou priye, ke tandis ke yo pral lakay yo, kè yo pral satisfè ak bon bagay ke yo jwenn nan mizèrikòd ak gras Bondye. Konsa nou mande w li nan non Jezi. Amèn.

59 Yon ti tèks trè etranj, twa mo ke m vle pran nan tout lekti sa a. Ou ta ka di, "Sa a se yon vyek ti bagay, twa mo nan tout sa w li a, yon pòsyon nan de chapit Bib la." Men, mwen-mwen te fè sa pou gen yon kontèks pou itilize twa mo sa yo: Pwouve pawòl li.

60 Ou konnen, gen yon Ekriti nan Bib la, nan Premye Tesalonisyen 5:21, kote l te ekri, "Egzamine tout bagay; kenbe sa k bon an." Lè nenpòt bagay la verifye, li pral swa pwouve "bon" oswa "mal." Men, lè gen kesyon sou yon bagay, li ta dwe egzamine jiskaskè w jwenn sa k jis la. Lè sa a, tandis ke w jwenn sa k bon an, Li di, "Kenbe fèm." Nan yon lòt mo, "met men sou li, pa kite l ale. Kenbe l fèm!" Nan yon lòt mo, "Kenbe l byen, pou l pa chape." Kenbe fèm sa k bon, apre ke l te fin pwouve l "bon." Epi nenpòt bagay ki te pwouve "pa bon," alòs, debarase w de li osi vit ke w kapab, elwaye w de li. Pa janm akroche w a move bagay la.

61 Kounye a, li posib pou ke dè kretyen solid, bon moun, kenbe pafwa, akwoche yo a move bagay la, lè yo panse l bon. Men antretan bagay sa yo ta dwe pwouve, si yo "bon" oswa "mal." Epi se devwa nou tout, pandan ke n ap

tann pou n al nan syèl la lè Jezi vini. Epi se devwa minis la, lè yo poze nenpòt kesyon, pou ke I rezoud li, epi pwouve I devan pèp la, pou yo ka konprann, paske pa gen moun ki vle trouve I "nan erè", ap kenbe move bagay la.

62 Konsa, nou gen yon ekriti (epi Jezi te di, "tout ekriti dwe akonpli") ke nou ta dwe pwouve tout bagay. E alòs, "kenbe la," oswa, "kenbe fèm, ba I yon priz mòtèl. Li di. Epi pa kite I chape, akwoche w ak sa ki bon. "

63 M sonje nan lekòl, m te aprann yon bagay, e anpil nan nou te aprann menm leson an. Lè w te rezoud yon pwoblèm, ou te jwenn solisyon an, ou ka pran repons lan epi pwouve I nan pwoblèm nan. Konbyen ki te janm fè sa? Tout nan nou, sèten. Alòs, - alòs, ou pa bezwen enkyete si wi ou non repons ou se sa oswa pa sa, repons pwoblèm nan te pwouve pa pwoblèm nan. Se pou sa, ou konnen w te gen bon repons lan. Si chak repons ou yo sou adwaz ou a oswa fèy kaye a te pwouve, pwoblèm nan te pwouve pa ... repons lan te pwouve pa pwoblèm nan, kidonk, ou te rezoud li. Pa g on moun ki ka di I pa bon, ou fèt pou rezoud li ... apretou, si w fè travay ou pwòpreman e kòrèkteman, epi fason I ta dwe fè t la, epi repons ou yo te pwouve, ou ka chita trankil ak asirans ke w pral fè dis pou sa, sou fèy kaye ke w te remèt la, paske I te pwouve, pwouve pa pwoblèm nan.

64 Kounye a, gen tou yon ansyen pwovèb ki di: "Pwouve I, epi m pral kwè I." Koulye a, yo te gen youn nan eta nou an, youn nan eta nou yo nan nasyon an, yo gen yon dizon, "M sot Missouri, montre m ni'." Ou wè, nan yon lòt mo, "Pwouve m li, m sot nan Missouri." Men, sa pa toujou mache, paske Bondye te, nan chak aj, akonpli e pwouve travay la ke I te etabli pou laj sa a, li te fè konnen I nan Pawòl li. Epi chak fwa ke Pawòl Bondye a te pwouve nan laj la, majorite a te rejte I. Kidonk, "Pwouve I, epi m pral kwè I," se pa konsa. Ou ka sèlman gen lafwa jan ke Bondye ba w lafwa. Lafwa se yon kado Bondye. Pe enpòt jan w ka relijiye, ankò sa pran ... ou dwe gen lafwa. Epi lafwa w ka repoze sèlman, si w s'on kreyen, sou Pawòl Bondye ki pwouve a.

65 Kounye a, sonje, Bondye te pataje Pawòl Li ak chak aj, e I te anonse sa k pral rive nan aj patikilye sa a li t ap pale a. Koulye a, si Moyiz ta vin ak mesaj Noe a, li pa t ap mache. Si Jezi ta vini ak mesaj Moyiz la, li pa t ap mache. Oswa yon pwofèt te vin ak mesaj lòt pwofèt la, li pa t ap mache. Men atravè pwofèt li yo, Li te revele tout limenm ak plan L. Se pou sa Bib la pa kapab gen yon mo ajoute nan li oswa yon Pawòl retranche de li.

66 Konsa, si w pwouve pwoblèm ou an ou ... repons ou an pa pwoblèm ou an, men, poukisa yo pa pwouve ke-repons lan ke n ap jwenn kounye a pa Pawòl nan laj sa a? Si Bib la anonse ke yon bagay kèlkonk dwe rive nan laj

sa a, li nan Bib la epi I ap rive. Alòs si repons ke w ap eseye bay pèp la, si I pwouve pa Liv la, ebyen, li vre, se laverite. Sinon, li pa vre.

67 Bon nou wè yon lòt, men oumenm, san dout, te tandè yo di, "wè se kwè." Sa a se yon lòt ansyen pwovèb nou gen isit la, men sa a tou pa mache. Li pa mache, paske lòm ka chita epi ap fikse nenpòt bagay la san I pa pral wè I. Mo "wè a," mo angle "wè a" gen tèlman anpil diferan siyifikasyon. Wè ka vle di "yon kantite dlo." Epi wè ta ka vle di "konprann." Wè ka vle di "gade." Epi, oh, gen jis tout sòt de mo ou ka itilize. Men lè w di, "lè ma wè ma kwè," ou fè erè.

68 Lè w konprann li, ou kwè I. Jezi te di, "Amwens ke yon nonm ne de nouvo, li pa ka wè Wayòm nan," nan yon lòt mo, "konprann Wayòm nan," paske Wayòm nan se Sentespri a nan ou. Konsa ou dwe konprann ke sa a nan ou. Epi sèl fason ou pral konprann li, se konpare sa I fè w fè ak sa Bib la di ke I ta fè w fè. Alò, pwoblèm ou an rezoud, Ou wè. Epi, lè sa a, Li se Sentespri a.

69 Konsa, wè se pa kwè. M ka pwouve sa pa sans kò a, ou wè, ke wè se pa kwè. M pa ka wè boutèy lwil sa a. M pa t kab wè I paske I dèyè do m, poutan m gen yon sans de- yon sansasyon di m 'm te genyen I nan men m. Ou wè? Koulye a, m pa t 'kab wè I, li enposib. Epi kounye a m pa ka atenn li, li enposib, e poutan m kwè I. sa a se, wè se kwè; sa a se, santi I se kwè I. Koulye a, m fèmen je m, m pa kab ni wè I oswa santi li, men si m apwoche I epi ka pran sant li, m toujou kwè ke I la a. Konsa, "Lafwa se sibstans bagay yo espere, prèv la," ou pa wè I, goute I, santi I, pran sant li, oswa tandè I. Ou kwè !! E lafwa dwe gen yon kote pou repoze. Epi nenpòt bagay ki kontrè ak Pawòl Bondye a, lafwa nan Bondye pa ka gen okenn kote pou repoze sof si se yon pwomès Bondye. Se la I pran pozisyon etènèl li a.

70 Men devan tout laj ak bagay ki pa sèten sa yo ... ke n te travèse e ap viv jodi a, pi mal nan tout, devan tout dout sa a, Bondye kontinye ap pwouve pawòl li yo kòm etan laverite, menm jan I te fè I nan chak laj. Li ... Enkredilite pa kanpe Bondye, li pa anpeche I. M pa gen pwoblèm konbyen ke mond lan enkredil, Li pral toujou rive. Enkredilite pa fè anyen lòt ke kondane enkwayan an. Enkredilite a ap voye enkredil la nan lanfè. Li pral volè nan men I tout benediksyon Bondye te pwomèt li, men sa pa anpeche Bondye kontinye tou dwat ak kwayan an. Ou wè, enkredilite pa bare Bondye, li sèlman bare enkonveti a.

71 Ou di, "Mwen ... Solèy la pa pral klere demen, m pral rete l." eseye l non. Ou wè? Bon, ou pa ka fè l. Bondye te mete l annòd e te di li ta klere, epi li pral klere, se fini, Li di ke l ka klere. Ta ka gen kèk nyaj anba l, men l toujou ap klere jis menm jan an. Kidonk ou pa ka rete Bondye ak sa. Li, ki sa ...

72 Ki jan li fè pèp la konn Pawòl li? Premyèman, Bondye konnen ke ta gen dè zenkwayan ... bon obsève sajès Bondye; konesan ke ta gen dè zenkwayan, e kouman majorite a ta dwe dè zenkwayan. Limenm, pa presyans, te predestine yon semans pou chak aj, ki ta kwè l. Koulye a, si w ap remake la a, pou, chak aj li kontinye tou dwat ak Pawòl li, tout bagay jis a tan, anyen pa ka anpeche Bondye. Li kontinye ap avanse, e chak klik ap deplase jis egzakteman kòm sa dwa. Nou panse, pafwa, li pa pral mache byen. Men pa enkyete w, revèy li monte jis egzakteman nan moman presi a, epi tout bagay la ap fonksyone jis egzakteman kòm sa dwa.

73 Lè mwe gade ozalantou pafwa epi m wè Riki ak Riketa sa yo ke n gen jodi a, nan lari a, epi ki jan tout bagay ap pase, m panse, "O Bondye!"

74 "Tann yon minit," Li di, gade, "Mont mwen an ap mache jis egzakteman byen. M te mete w sou menm baz m te met premye nonm nan, jou sa yo. E m mete w sou menm baz Luther a, e sou menm baz Wesley a. " Paske, ou wè, peche pa t konnen Lè sa a, tankou li ye kounye a. Epi te gen plis konesans kounye a ke n te gen lè sa a, e kan lènmi an vini tankou yon lavalas, Lespri Bondye a leve yon estanda kont li. Ou wè? Epi, koulye a jodi a, nou gen plis konesans, plis konpreyansyon, se konsa rivyè enkredilite yo ap koule ak fòs, men Bondye leve yon estanda kont li. Men, sonje, Li toujou ... Rezon ki fè L-Li te predestine bagay sa yo pou rive. Li te predi yo pa pwofèt li yo ke yo ta rive. Men, lè moun ki jis yo wè bagay sa yo konfime, alòs yo konnen se vre. Kèlkeswa sa nenpòt lòt moun di, yo konnen Li vre.

75 Nou jwenn la ba a nan-nan-nan, m kwè, se nan Premye Tesalonisyen, Li te di, "Li te predestine nou pou adopsyon timoun pa Jezikri." Bondye, pa t di, "Mwen pral chwazi w, epi w pa t chwazi," men presyans li te konnen sa w ta fè. Se konsa, pa presyans Li ka etabli yon lòd, epi aranje L pou ke tout bagay fonksyone pou byen L, epi pou byen w tou.

76 Nan Jenèz, Bondye te di Adan ak Èv kisa k ta pral rive lè yo pa kwè Pawòl li a. Koulye a, li mete byen ak mal la devan yo, epi l te di, " le Jou ke w manje de sa a, jou sa a ou pral mouri." Epi Bondye te vle di egzakteman sa l te di a. Li toujou fè l, Li antann sa l di a.

77 Satan te mennen l a doute de li, paske Satan li menm pa t janm te kwè l. Li pa kwè l, se konsa li mennen l a doute de li. Epi li toujou fè menm bagay la, epi li anseye lòt yo menm bagay la tou, e yo doute l tankou l te fè a. Bondye fòtifye pèp li dèyè Pawòl Li, se sèl defans ou. Se pa denominasyon w lan, pa papa w oswa manman w, se trè byen, men dèyè Pawòl Bondye a. Se kote kwayan an pwoteje, dèyè Pawòl la. Lè ke ti avni sa a te brize la a, ak yon ti " m ap mande m si l byen ou pa?" Se pa ta, "rezònman ki ta vin pran plas lafwa, yo brize baro yo. Epi Bondye te kenbe pawòl li, li te akonpli l. Satan te eseye fè l kwè ... doute li.

78 Oswa, rezone, pa rezone avè li! Ou-ou di, "Oke, mwen kwè ..." Ou pa gen okenn dwa. Lè Bondye di nenpòt bagay la, jis — jis jan l te di a, se sa k pou fè t. Ou di, "Bon, m panse ke ..." Men, ou pa gen okenn panse kap vini. Se pou panse ki te nan Kris la dwe nan ou. E Kris se Pawòl la! Se pou Pawòl la nan ou. Tout lòt pawòl yo dwe antò, Pawòl Kris la ki vre! Gen lòt ki kwè l 'ak tout rezonman l yo, tankou li te fè a, rezone, "Oke, poukisa Bondye ta fè sa? Koulye a, eske se pa osi byen ke sa? " Si se kontrè ak Pawòl la, se pa vre! kidonk, nenpòt ki bagay, nenpòt pwofesè, nenpòt ekspozan Bib la, nenpòt lòt bagay ki ta anseye w oswa eseye fè w kwè nenpòt sa l ye a yon iota diferan de sa Bib sa a di , li se yon fo ansèyman. Se Satan, ankò, jis egzakteman kòm li te fè Èv la. Bondye te kontinye tou dwat, kèlkeswa sa l fè, sa Satan fè, Bondye kontinye tou dwat pou pwouve ke l konsa.

79 Koulye a, gade sa li te di Èv, "Asireman ou pa pral mouri. Ou pral saj. " Se sa ke mond lan ap chèche jodi a, prèv syantifik, kèk konesans yon nonm. El te di, "Asireman ou p'ap mouri.

80 Men Bondye te di, "ou pral mouri," e Bondye te pwouve sa. Epi nou ka wè l, Li te vle di sa l te di a. Monte isit la nan simityè a, ou pral konnen si l te vle di l ou non. "Le Jou ou manje ladan l, jou sa a ou mouri." Men, lè w moute isit la epi tcheke nenpòt ki moun ou vle, nenpòt ki laj la, pa te janm gen yon nonm ki te viv mil an. Bondye te pwouve pawòl li konsa, li pral fè l chak fwa.

81 Men, sonje, li kenbe tout pwomès benediksyon l yo menm jan l fè pou malediksyon l yo . Paske yo manje ladan l, jou sa a yo mouri; epi li pwouve ou ke yo mouri jou sa a ke yo manje ladan l. Li kenbe tou chak pawòl li te di osijè de benediksyon li yo. Chak pwomès, Bondye kenbe l! Oh, m renmen sa. Ou dwe chwazi ki kilès ou vle: benediksyon l 'yo, lè ke w kwè; oswa malediksyon l yo, lè w koronp li. Si w koronp Li epi yo kwè kote koripsyon an nan Li, Lè sa a, w ap modi. Si w kwè l jis fason li te ekri l la, epi kenbe l, alòs, w ap beni. Epi li toujou kontrè ak syans, toujou kontrè ak - ak fason syantifik moun nan montre bagay sa yo. Paske Li kenbe tout pawòl, tou lè de ni benediksyon yo ni malediksyon l yo.

82 Lè gason ak fanm te tèlman peche nan mond antediluvyen an, li te ... kont vrè Pawòl li a, Adan ak Èv te peche kont vrè Pawòl li a. Men, e tout jenerasyon ki te swiv yo kòmanse fè menm bagay la, Li te pwononse lanmò sou yo, epi finalman li rive nan yon total, konplètman aneyantisman de tout bagay sou tè a, li te kouvri l ak dlo, te lave l konplètman ak dlo .

83 Kounye a, menm Bondye a ki te mennen yon aneyantisman total tout bagay sou tè a, tout zèb, tout kreyati sof sa l te rezève e li te fè pase anlè tè a, tout sa l te pwomèt ke l ta pral fè, se sa ke l te fè. Epi menm Bondye a ki te pwomèt dlo a, epi kenbe pawòl li, menm Bondye a pwomèt dife, e l pral kenbe pawòl li. Li pral kenbe pawòl li.

84 Kounye a, kisa l te fè? Ki jan yo te fè konnen Pawòl li? Paske chak fason l fè yo, pou pwouve tèt li anvan l fè nenpòt domaj la, oswa egzès nenpòt jijman an, Li toujou voye Pawòl la a moun yo, epi toujou avèti pèp la. Oh, m renmen sa! Konsa nou ka wè egzakteman ki kote nou ye.

85 Te gen tout kalite minis ak asosyasyon nan jou Noe yo, epi te gen tout kalite relijyon nan jou Noe a, paske Jezi te di, "Menm jan li te ye nan jou Noe yo, se konsa li pral ye nan vini Fis lòm nan. " Men yon pwofèt rive sou sèn nan, epi l te kòmanse fè yon bagay, li te kòmanse bati yon lach. Epi Bondye te voye pwofèt li a, Noe, pou pwouve ke l te voye Pawòl li a, pou l te di yo ke gen yon destriksyon k ap vini, ke l fatige ak fason ke - ke moun yo t ap fè yo, ke l te dwe detwi lòm ke yon fwa l te kreye a.

86 Kounye a, Pawòl la te vin a pwofèt la, tout tan, li pa janm chanje. Malachi 3, te di, "M se Bondye, e M pa chanje."

87 Yo te voye Noe nan yon laj syantifik, ak yon mesaj ki pa syantifik. Yo te voye Noe nan yon laj entelektyèl, ak yon mesaj ki pa entelektyèl. Yo te voye l bay yon laj la syans, alòs ke l te gen yon mesaj lafwa ak pwomès nan yon laj syantifik. Kidonk èske w ta ka kwè ke yon laj syantifik ta kwè yon Mesaj ki pa syantifik? Yon laj gran entelektyèl, epi Lè sa a ou ta kwè ke yo ta gen konfyans nan yon bagay ki te sanble absoliman nyè pou panse imen an? Men Bondye toujou fè l nan fason sa a. Noe te yon pwofèt konfime Seyè a, e l te mesaje Bondye pou lè a. Li te oblije kwè sa, moun yo te dwe kwè Mesaj li a apre l te fin konfime pa Senyè a, ke l se Pawòl Bondye a, e ke Bondye t ap kenbe Pawòl li.

88 Kounye a se menm bagay la jodi a. Nou nan fen tan. Koulye a, moun sa yo ta dwe konnen, ou wè. Koulye a, ou remake, Noe te yon tip jwif yo ki ki pral pase a travè tribilasyon an. Enòk te yon tip de— vrè mesaj la, de—de—de anlèvman legliz la, paske Enòk te anlve, epi delij la te vini. Epi tou le de ... Premye pwofèt la, Enòk, te anlve de



chemen an pou ke Noe te ka kontinye ak ... avèk ... pou ke Bondye te kab kontinye avèk Noe. Epi koulye a Legliz la pral anlve pou ke Bondye ka regle ankò ak jwif yo, rès jwif yo, san karannkatmil yo, jan nou te wè l la atravè ekriti yo isit la.

89 Men fas ak tout syantifik, enkredil aj la, Bondye te pwouve Pawòl pwomès li a se verite, lè l te voye delij sou yo a. Koulye a, sonje, nan jou Noe yo, li pa t janm fè lapli sou tè a. Bondye te gen yon vapè dlo soti nan tè a pou aroze l, men li pa t janm fè lapli. Men Noe te di: "Li pral fè lapli." Koulye a se sa k te ...

90 Yo te ka pran yon enstriman epi gade toupatou nan syèl la, epi di, "Pa gen imidite anwo a. Pa gen lapli la a. Nou ka pwouve pa gen lapli la a. "

91 Kèlkeswa sa lasyans te di, Bondye te di ke l pral fè lapli, alòs se sa l fè. Kounye a, kisa Bondye te fè? Daprè mwen, lè kèk nan yo te sekwe tè a yon ti kras epi te fè l soti sou baz li, epi sa te tounen do l fason sa a, chalè tè a vin nan fred, pote sèlman — imidite a. Epi mond lan te kouvri nèt, an premye, e atmosfè yo anlè a, imidite nan lè a, rasanble ansanm nan yon fòm de nwaj epi l te kite l tonbe, se tout sa.

92 Bon nou konnen jodi a, ke gen dife anwo a, paske gaz yo anndan tè a. Epi Bib la te di: "Syèl la ak tè a pral pase ak yon gwo bri, e tè a pral fonn ak yon chalè adan." Kidonk nou konnen ke l anwo a, jis menm jan l te ye nan jou Noe yo.

93 Epi kounye a sonje, Mesaj nan tan Noe a te sèlman pa lafwa, e l pa t pwouve pa la syans. Men, jodi a, Mesaj la se dapre Pawòl Bondye a, epi l te pwouve syantifikman. Eli vin an premye, li fè anpil mirak, li pa bay okenn predikasyon; jis pase de yon kote a yon lòt, ap fè mirak. Pwochenn fwa a, li vini sou fòm Jan Batis, li vini san l pa fè okenn mirak, jis preche. E twazyèm fwa li vini, gen tou lè de mirak ak predikasyon. Ou wè? Ou wè kouman sa ye? Gade kouman Ekriti yo ap dewoule nan yon kontinwite. Nou te kab jis pase yon kantite tan sou sa, men nou pa pral fè sa, n ap kite l tonbe, paske mwen kwè ou sezi l.

94 Li te fè nan laj sa a menm jan li te fè nan tout aj yo, e menm jan l pral fè, jis jan l te pwomèt pou fè l la. Bondye pwomèt nenpòt sa l ye a, apre sa, li desann epi pwouve ke Pawòl li dwe laverite. Tout sa ki kwè, tout sa ki kwè nan mesaj laj sa a vin antre epi yo te sove. Se konsa l pral ye nan nenpòt laj la. Tout moun ki pa t kwè mesaj la ak mesaje a, te peri.

95 Epi tout moun ki vrèman kwè Pawòl Bondye a jodi a, yo pral met deyò. Tout sa ki pa kwè Pawòl Bondye a, ap peri ak mond lan, paske yo pou mond lan, e tout bagay ki nan mond lan dwe peri ak mond lan. E tout bagay ki sove nan Bondye, dwe nan Bondye, epi yo pa ka peri, "M pral ba yo lavi etènèl, epi resisite yo nan dènye jou a." Mezanmi ala yon konsolasyon pou chak kwayan, pou konnen, lè w nan Kris la, ke jis osi sèten ke Bondye kenbe Pawòl li epi L ap detwi mond lan, Li kenbe Pawòl li e L resisite moun li yo e delivre yo. Li pwouve li.

96 Li pwouve Pawòl pwomès li a vre pou Abraram nan laj li a. Remake li pa t syantifik nan laj Abraram lan, pou yon nonm ki gen yon santèn lane, epi yon fanm katrevendis lane, pou yo gen yon bebe, yo te pase laj la depi lontan. Men Abraram pa t 'kab eksplike l. Li ta ale kay doktè, e di: "Doktè, èske l posib?"

97 "Li enposib!" Al lopital epi pare pou manman an fè bebe a, oswa kèlkeswa sa l ta ye si w ta vle konpare li ak laj sa a, yo ta rele l moun fou, "Li pa byen nan tèt li."

98 Men Bondye te di !! Apre sa, li ... Bib la te di nan Women, 4yèm chapit, ke "Abraram pa te ezite nan pwomès Bondye a, nan enkredilite, men l te fò, t'ap bay Bondye a lwanj. Paske l te andire tankou li te wè L ki envizib, e l te satisfè, kenbe fèm. " Kenbe fèm, paske li te konplètman konvenki ke sa Bondye te pwomèt la, Bondye te kab fè !! Epi nou te sipoze pitit li. Amèn! Koulye a, mwen santi m wenn, ou wè, lè w jis panse a sa. Oh, Li te pwouve li, apre tout ane sa yo, Li te fè Abraram, epi Sara tounen vin yon jèn fanm, e li te gen bebe a. Epi Abraram ak Sara te viv ... Karanssenkan apre, Sara te mouri, epi Abraram te remarye ankò apre l te gen san karanssenk lane, e li te gen sèt lòt pitit gason anplis pitit fi l yo. Lè, li te pase laj pou fè pitit, li te esteril, li-li pa te gen okenn semans, pa gen lavi ki te rete nan li, prèske yon lòt san lane anvan sa. Amèn! Poukisa? Li pa t konsidere pwòp kò l, li pa t konsidere ke vant Sara te mouri. Li te konsidere sèlman sa ke Bondye te di a, e li te konnen Bondye t ap pwouve sa l te di a. Amèn! Bondye pwouve sa l di a li pral fè l. Nan mitan sa k pa syantifik ak syantifik, e-e pami nenpòt bagay, kèlkeswa sa l ye a, Bondye pwouve ke li gen rezon, Li toujou pwouve Pawòl li. Li gen rezon, tout lòt yo antò.

99 Li te pwouve l tou pou Lòt, lè l te di, "Si w pa soti nan lavil sa a, mwen pral boule l." Epi l te di Abraram, si li te kab "jwenn dis gason," Li ta epaye vil la. Epi li pa t 'kab jwenn dis gason yo, konsa Li pwouve ke Pawòl li te gen rezon.

100 "Ki kote dife a sotif? Pa gen okenn isit la nan plenn sa yo, bò la a nan twou limon sa yo. " Men, Bondye te di sa, Abraram te konnen sa pral rive. Lòt te konnen se te konsa, li sove al nan mòn lan.

101 Li te pwomèt pitit pitit li a pou l yon etranje nan yon peyi etranje, epi pou yo te mal estime pa pèp la, epi yo ta rete, pitit pitit Abraram lan, pou katsan ane pami etranje, yon pèp etranje. Apre sa li te akonpli Pawòl li jis ekzakteman sa l te di l ta p fè. Pitit pitit Abraram yo te rezide nan peyi Lejip la pandan katsan lane. Li te pwomèt, tou, pou l te delivre yo ak yon gwo ponyèt. Ak bra fò, Li ta delivre pèp li de esklavaj peyi Lejip la. Epi li te kenbe pawòl li. Gade kisa l te fè pou fè pitit li yo desann de peyi Lejip. Li te sanble ke dezans te frape, te frape ankò, ak bagay sa yo. Te sanble ke ...

102 Li te terib pou Jozèf poul te konsidere kòm si l te mouri, e pòv Izarak, oswa, Jakòb, papa l '(oswa, Izarak, papa l', olye, pou Jakòb, ki te, Izarak te granpapa l') Jakòb, papa l', pou kwè ke bèt te touye pwòp pitit gason l lan. Ala l te difisil pou ti Jozèf pou konnen ke pòv ti kanmarad la, lwen pèp li a, trayi pa frè l yo, te jete nan yon fos, sipozeman te dwe mouri, san mouton te tache rad li, kote ke, yo te touye yon ayo pou manje l, mete san an sou li, epi mennen l bay papa l', e l te konnen tout bagay sa yo. Men Jozèf te kab sonje yon sèl bagay, ke men Senyè a te sou li. Li te konnen ke l te yon kwayan. Kèlkeswa jan frè l yo te rejte l, konbyen pa t gen okenn kolaborasyon oswa okenn lòt bagay, Jozèf te konnen Bondye ta kenbe Pawòl Li. Lè l te wè vizyon tout moun ki t'ap koube devan l, li te konnen sa te dwe rive paske se ENSI DI SEYÈ A. Amèn. M pa gen pwoblèm konbyen ensanse sa te sanble, Jozèf te konnen se te verite a. Pa gen pwoblèm ki jan travay la te difisil, e ak kisa l te dwe rankontre, li te konnen yon jou chak nan yo ta koube nan pye l yo. Kouman yo pral fè l lè yo te rayi l'? Men li te konnen Bondye ta pwouve Pawòl li konsa, chak fwa.

103 Se konsa li pral fè l jodi a! Bondye ap pwouve pawòl li konsa, kèlkeswa sa lasyans di, "Li pa ka fèt." Jan nou edike, nou vinn entelektiyèl, ki jan legliz yo te tonbe nan yon-yon pakèt fòmalitye elatriye, Bondye ap toujou pwouve Pawòl li "vre." Repoze tèt ou dirèkteman sou Pawòl sa a.

104 Wi, Jozèf te gen anpil bagay pou l 'pase, men, li desann nan peyi Lejip, men Bondye fè l 'soti jis egzakteman jan l te di l' la. Yon trè remakab tip de jodi a, si n te gen tan antre ladann. M kwè nou te, anvan, isit la nan Tabènak la, pase sou li. Men Bondye te kenbe pawòl li, paske yo te oblije rete anba a la. Li te difisil pou timoun ebre sa yo ki te anba esklavaj moun peyi Lejip yo, ki te beni epi yo te jwenn fwi peyi a, meyè zòn nan, Gosen, pou yo rekonnèt ke yo te dwe vin esklav; epi manman sa yo dwe depoze nan men sòlda ejiptyen sa a, fwi matris li a, ti bebe cheri yo a, epi wè l kanpe la, pran yon gwo kouto e jis louvri l epi lage l a tè a, fè kwokodil manje l. Ebyen sa te di pou yo, pou yo te pase atravè sa.

105 Men yon jou semans predestine a te fèt, yon timoun ki te yon veritab timoun. Te gen yon bagay nan li ki te sanble etranj. La ba a deyè do dezè a, yon jou, Sentespri a te desann sou fòm yon gwo pilye dife epi li rete nan yon touf bwa, e l te di: "Mwen tandè rèl pèp mwen an, epi m sonje pwomès mwen an. Kidonk lè delivrans lan rive, e m voye w desann la pou fè l." Avèk yon baton nan men l', madanm li sou yon milèt, yon ti bebe sou kwis li, li te fè l pa pouvwa Bondye ki Toupwisan an. Bagay ki pi ridikil la, ki sa ke- yon baton kwochi ta dwe fè dis mil lans? Men, ou wè, Bondye ladann. Sa depan de ki kote Pawòl Li ye. Moyiz te gen Pawòl Li, Farawon te gen lans. Moyiz te gen Pawòl la.

106 Se tout sa l te bezwen, se Pawòl la. Se tout sa w bezwen jodi a. Li pa yon akreditasyon nan kèk legliz. Ou pa bezwen yon denominasyon pou bò w sipò. Ou bezwen Pawòl la, pou al nan anlèvman avè l. Ou pa bezwen kèk akreditasyon. Ou pa bezwen yon long istorik kèk lekòl, pou dwe geri maten an. Ou bezwen aksepte Pawòl la, Se tou!

107 Ou pa bezwen pawòl doktè a. Si doktè a di li fè tout sa l te kapab, se tout sa l ka fè. Li di w gen kansè, timè, ou pral vin avèg, ou soud, bèbè, kèlkeswa sa l ye, sa pa vle di anyen. Si ou ta ka pote Pawòl sa a bay pwomès ti touf bwa anwo kap boule a, amèn, g on bagay ki pral rive! Bondye pral pwouve pawòl li dwe konsa, chak fwa ke l te resevwa nan bon kalite teren an. Se sa ke w ap bezwen, Pawòl Li a. Li pwouve Li, Li kenbe li. Ou ka asire w je fèmen ke l vre.

108 Li pwouve pawòl li nan chak laj, pa fason ki pi etranj lan, men li toujou fè li nan menm fason an. Ou wè? Kisa li te fè nan jou Noe yo, lè l t'ap aranje l pou delivre ti rèz la? Li te voye Noe ba yo, pwofèt la. Li te voye Noe, yon siy.

109 Epi kounye a remake, kan l te vini pou delivre timoun Izrayèl yo, kisa l te fè? Li te voye pwofèt Li. Pwofèt Li te gen Pawòl la. Siy ak pwodij Pawòl la te pwomèt te apiye sa, ke se te egzakteman Laverite. Izrayèl te antame mach li pou tè pwomiz lan, paske yo te kwè l.

110 E pandan vwayaj nan dezè a, sa te rive ke yo te doute de pwofèt sa, apre yo te wè Pawòl la si tèlman konfime, Lepouz te sotè nan ran (nou konn de kisa m ap pale, nan vizyon an, ou wè, "li te kite ran an"). Te gen youn, yo te rele Jozye, ki te leve kanpe, ak Kalèb, pou yo te kwè ke Pawòl ki te pwomèt la se vre, pe enpòt sa sikonstans yo te ye a.

111 Obsève lè yo te rive Kadès-Baneya, Moyiz te voye youn nan chak tribi yo soti, al espyone peyi a, pou wè pa ki kote yo ta dwe antre. E li te voye jeneral li a, Jozye, ki t on pwofèt, kifè li te voye on pwofèt minè sou lòd Moyiz. E Jozye te tande Moyiz. Yo te voye l laba, konsa li te di, "Al laba pou espyone tout teritwa a."

112 Jeneral la te ale e li te chwazi yon nonm nan chak tribi, epi yo te met deyò. Li te pran Kalèb, bon zanmi l bò kote l, paske li te konnen Kalèb te kwè. Yo te ale nan tè pwomiz lan, e yo te retounen avèk on pakèt grap rezen ki te nesese dezòm pou te pote yo. Bon, li te di kounye a, "Poutèt pou Izrayèl te ka gen evidans anvan yo te menm antre nan pwomès la. Ou wè, yo ta pral gen evidans ke Bondye te di s on bon peyi, ki ranpli ak lèt ak myèl. S on gran peyi. S on bon peyi. Kounye a...o, tout vye lay sa, powo, ak tout sa w te genyen an Ejip. Bon n ap mennen w nan yon peyi ki gen lèt ak myèl." Pwobableman nou pat janm te goute ni youn ni lòt, lèt oswa myèl, anba la an Ejip pandan tout ane sa yo. Yo jis te konn bannou pòsyon ki fèt pou esklav yo. Men kounye a nou pral nan peyi sa. Kifè jis nan moman yo te gen apèn yon jou nan vwayaj la, kote w jwenn Kadès-Baneya, ki te gwo syèj jijman mond lan, yo te stope anba--anba pye palmye sa yo deyò laba, ak kouran dlo, e yo te kanpe. Li te di, "Bon, pou te kite moun yo konnen..." Obsève kijan sa s on evidans pafè, rèyèl, kijan Bondye te fè sa jis jan Li fè jodi a. Li te di, "Kounye a, Bondye te di, 'Peyi a te ekstraòdinè. Bon, anvan nou al la, M vle nou wè ke peyi a ekstraòdinè. Kifè ale pou pote tounen ban Mwen kèk evidans de peyi a epi pou montre l bay moun yo."

113 Kifè yo te monte la. Epi, bon, lè w vini pou retounen ak evidans, enmi an toujou la sou chemen an. Lè kèk nan mesye yo te gade pou wè gwo jeyan Kanaran sa yo, o la la, yo te di, "Nou pap ka fè l." Men yo te pote tounen evidans ke peyi a te la. Yo pat dirije yo nan sa ki fo. Bondye t ap pwouve yo Pawòl Li, menm anvan yo te antre nan peyi a.

114 Èske nou paka wè, jodi a, ke si nou ka kondwi dè mil de distans pou vin tande Pawòl la, epi obsève L k ap pwouve epi konfime, se evidans ke s on Peyi ekstraòdinè? Nou ka wè lonbraj yon nonm ki etann, ap mouri ak kansè, "Vin geri." Si nou wè Pawòl Bondye te pwononse a k ap akonpli nan jou kote L ap konfime, se evidans ke Li kenbe Pawòl Li. Gen yon Peyi ekstraòdinè. Si vi m jis sou pwen ale, epi Bondye desann pou epaye l ankò, sa montre ke gen evidans Lavi Etènèl. Alòske, yon lè ou patap menm oze vin nan pòtay legliz sa, kounye a ou kanpe nan liy pou antre ladann. Se yon evidans. Bondye kenbe Pawòl Li epi pwouve L ba ou, ke Se vre.

115 Ap kondwi pandan dè milye de mil de distans; pou vin isit la nan maten pou ap gade la epi wè moun yo k ap bay ti bebe yo manje, on ti sereyal, nan yon boutèy koka-kola, vè senkè di maten apeprè, chita nan estasyonman

an. M t ap reflechi, "Bondye, m t ap ipokrit ki pi meprizab nan mond lan, pou m ta lese moun sa yo pakouri tout distans sa, pou vin di yo on bagay ki fo. Men m gen pitye pou yo, mwen avèk yo ak tout kè m. Yo grangou ak swaf pou Bondye. Ede m, Seyè, pou di yo Laverite, kifè ede m, Bondye." M te di, "Kenbe men m, pou fè m konnen kisa k Vre, epi apiye sa ak yon konfimasyon sa m te di ki se Verite a, pou yo ka konnen ke Se Laverite. Pa kite bon moun sa yo sedwi. Non." Se pa tikras sansib kè m sansib pou on bagay konsa, pou ap gade moun ki fidèl!

116 Mwen imajine Jozye te panse menm bagay la, jou sa lè l te rasanble yo soti toutotou, li t ap gade yo ap lave rad yo pou prepare yo pou twazyèm you a. Wi, Li te pwouve l. Kounye a kisa Jozye te di? Kan yo te di, "O, nou paka fè l. Nou senpleman paka fè l. Nou pral oblije soti kite òganizasyon nou yo. Nou--nou--nou--fini. Ou wè, nou paka fè l kounye a. Nou jis paka fè sa, paske se pa rezonab." E kan Jozye te kondwi yo anwo la, se te nan mwa Avril, lè dlo yo t ap monte, e Jouden an te prèske gen menm lajè ak Rivyè Ohio a. Se te kòm si Bondye te fè yon gwo erè.

117 Ou konnen, pafwa ou tonbe malad, e ou di, "Ebyen, m s on Kreyen. Bondye, Fè--Fè on erè, Li te kite m tonbe malad, epi m s on Kreyen." Èske w pa reyalize ke tout bagay ap travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye?

118 Kote Jozye te kondwi yo la, kounye a, Jouden an te trè ba. Ou te ka travèse l prèske tout alantou a, sof si w te tonbe sou yon twou nan dlo a kote li vrèman fon; ou te kapab, gras ak ti pasaj ak bagay konsa jis la sou--sou rivaj kote Jeriko te ye a. Enben, se, enben ou te ka jis travèse l, li pat depase an pwofondè yon jye pye, se te jis travèse l nan yon jeep, kondwi, travèse l a cheval, travèse l a pye, oswa on bagay konsa. Men li te kondwi yo la an Avril, kote peyi inonde sa te anba dlo la sou yon distans de on mil prèske. Pwofondè dlo a te pwobableman trant oswa karant pye la. E li te di, "Twazyèm jou a, n ap travèse. Se sa Bondye te di! Li te rele tout moun ansanm pou sanktifye yo, paske, twazyèm jou an, nou pral travèse Jouden an." Ou wè kijan Bondye kite bagay sa rive? Jis pou rann li, pou fè moun yo...jis pou seleksyone gwoup Li a. Kisa yo ta pral fè? Yo t ap sanktifye tèt yo pou prepare yo, pe enpòt pwofondè dlo a te ye, e jan l te tankou labou, epi jan kouran an te rapid. Ou wè, yo te konnen Bondye t ap pwouve Pawòl Li.

119 Pe enpòt, kijan w te toupre Jouden an, pe enpòt sa sikonstans ou yo ye, ou ka sèlman pran pwomès Bondye sa nan kè w, Bondye va pwouve l, ke Se konsa. Nan mitan tout enkredilite, Li va toujou pwouve L ke se konsa. Wi, Li fè sa. E sikonstans yo pa stope L, Li va toujou fè menm jan Li te fè lè sa.

120 Remake, se te avèk moun ki kwè L yo ke Li te pwouve Pawòl Li. Li ka sèlman pwouve Pawòl Li... pa avèk enkwayan, men se sèlman avèk kwayan Li ka pwouve Pawòl Li. Pe enpòt konbyen rès lòt yo pretann ke, "O, mwen kwè, frè!" Ou wè, si w kwè, Bondye va pwouve ke se sa, paske n ap gade lòt yo. Kouman, apre sa, nou ka pale? Ou wè, se avèk vrè kwayan ke Li pwouve Pawòl Li; pa avèk sa yo ki di yo kwè, men sa yo ki kwè reyèlman. Se avèk pitit Li yo ki kwè ke Li pwouve Pawòl Li.

121 Bon, li te gen kwayan yo. Ansyen rekòlt la te mouri, enkwayan ki te di, "Nou paka fè l la," Li te kite yo chak peri (poukisa?), yo chak sof kwayan yo. Kilès ki te rete? Moyiz te ale nan Laglwa. E enkwayan yo te peri nan dezè a, e sa se te pitit yo. Te gen sèlman 2 ki te travèse, e se sa ki te kwayan yo, Jozye ak Kakèb. Se yo ki te kwayan yo, Yo te sila yo ki te travèse yo. Se sèl fason Bondye ka fè l, se avèk timoun kwayan Li yo. Nou kwè sa? Dakò. Kwayan L yo se te yo ki te fè l. Li te itilize yo pou pou travèse avèk yo. Ou wè?

122 Kounye a m vle w remake, Li te fè l konsa nan chak aj. Li te fè l chak fwa ak menm metòd la, Li te oblije chwazi kwayan. E apre sa, pou l te ka gen kwayan pou rankontre Pawòl sa, Li te oblije predestine yo pou chak aj. Ou sezi l? Li oblije predestine bagay sa pou l la pou rankontre defi aj la. Èske sa atenn you? Èske w santi l? Èske w wè l? Èske w konprann li? Se sa k ap rive jodi a, Li te predestine l pou sa, pa prekonesans Li. Kan Li te predestine, nan Malachi 4, sa te dwe rive. Kan L te vini pou predestine on bagay pou rive nan Pawòl Li, Li oblije pwouve Pawòl Li pou se sa. Kan Li predestine on bagay pou rive e Li di sa pral rive, Li konnen ke semans sa va la drèt nan moman sa. Li te predestine yon Epouz, Li va la! Va g on anlèvman, Li va la! Li predestine l pa prekonesans Li. Ou wè, pa gen anyen ki pral stope l.

123 Lè Bondye te di yo, "Bon, M te fè nou pwomès pou yon tè pwomiz. M te di papa nou, Abraham, ke timoun li yo ta pral desann abite la pandan katsanzan."

124 Bon, Moyiz te di, "M se pwofèt Seyè a. Kounye a obsève pou wè sa m pwofetize a. Si l rive, alò nou va konnen se Seyè a ki te voye m, paske nou konnen ke Bondye te deja di sa. Bon, kounye a si m pwofetize *sesi* epi li rive, e *sela* epi li rive, e se *lòtbò* epi li rive, chak fwa jis menm jan an, la nou konnen se Seyè a ki te voye m pou m di nou sa. Kounye a, g on tè pwomiz, ke Bondye te pwomèt. Ou wè? E Bondye te pwomèt peyi sa. Bon, s on bon peyi, li gen lèt ak myèl k ap koule. Swiv mwen."

125 E pandan yo ta prale nan dezè a kote li te oblije travèse pou l te mennen yo nan dezè a, kote, Bondye te di l pou fè yo retounen vin sou Mon Sinayi, alò Bondye te desann devan tout Izrayèl, ak on Kolòn Dife, pou te konfime

sa Moyiz te di a, li te la, ap pwouve ke se te kòrèk, ap konfime Moyiz la, "Moyiz te di ke Mwen te sou montay sa, Mwen te parèt devan l sou fòm on bwison adan. E kounye a Mwen lakoz tout montay la nèt ap boule."

126 Yo te di, "Kisa! Piga kite Bondye pale, pito Moyiz pale. Paske n ap peri."

127 Li te di, "Mwen--Mwen--Mwen pap fè sa ankò. Mwen va sisite on pwofèt pou yo, li va--li va pale avè yo lan Non Mwen." Kifè se sa Li fè, egzakteman fason Li opere ak Pawòl Li.

128 Remake, la, sila yo ki pat kwè, apre yo te rive si tèlman pwòch de peyi ke yo te doute a. Bon, nou menm k ap pran nòt, make Ebre 6, jis la kote sa di, "Sila yo ki te wè limyè a yon fwa, ki te vin patisipan nan Sentespri a; ki t ap gade, yo va chite, pou renouvle tèt yo ankò nan repantans; lè w ap konsidere ke yo krisifye pou pwòp tèt yo Fis de Dye a on lòt fwa, pou ekspoze L piblikman nan wont; li enposib pou sila yo sove." Ou wè, jis enposib pou sila yo travèse nan tè pwomiz sa.

129 Moun yo rive jiska Batèm Sentespri a, yo va rive jiska Pawòl la, yo va pase atravè denominasyon, ak tout legliz, ak tout katechis, ak tout bagay, men kan w rive a Pawòl sa, liy limit sa, yo di, "O, m pa konn bagay Sa, legliz mwen pa anseye L konsa." M pa fè ka de sa legliz ou anseye, Bib la di, Se fason sa. Apre sa w va di, "Kijan pou m fè konnen si se kòrèk?" Li konfime l, epi pwouve l!

130 Bon, Bib la jou sa, di, "Genyen on bon peyi laba, li jis ranpli ak lèt ak myèl, ak bon jan rezen, grenad, e, o, se yon bèl plas."

131 Ebyen, yo te di, "Bon, kèk lan nou glise kò nou la e fè on koudèy sou li, epi retounen, pou nou ka konsole moun sa yo. Nou pral travèse kounye a menm, si nou tout jis kwè sa." Ebyen, toutswit yo te ale.

132 E men yo ki te retounen, o, de nan yo, te jis ap rele, "Ebyen, louwanj pou Bondye! Nou te wè l! Nou te wè l! O, se mèveye, pa gen anyen tankou l!" Rès yo, lòt dis yo te kanpe toutotou, pou ap di, "O, non, non, non, non, nou paka fè l." Konbyen ki te ale? De sa yo! Se vre. De sa yo, paske yo te konnen Bondye t ap pwouve ke Pawòl Li se vre. Remake, pat gen Jouden ki t ap gonfle monte, non mesye, okenn rivaj Jouden inonde, oswa okenn gwo jeyan Kanaran patka rete yo. Bondye te pwouve ke Pawòl Li se konsa, Li te pran yo fè yo antre drèt nan peyi a.

133 Li va fè menm bagay la ankò, wi, mesye, nan pwomès pou jodi a. Li pwouve Pawòl Li. Malgretou, Li pwouve Pawòl Li.



134 Li te fèmen machwè Lyon grangou ki manje moun on jou, pou pwouve Pawòl Li se te vre, ke Li te kapab fè l, pou pwofèt la Danyèl. E yo te konn abitye Lyon sa yo a manje chè imen. E yo te kenbe Lyon sa yo afame, konsa lè yon nonm tonbe anndan la, oswa on timoun, pe enpòt sa yo te lanse la, se te pèn kapital, Lyon sa t ap dechire yo an myèt moso, pakèt bann Lyon grangou sa yo. Yo te jwenn pwofèt sa, ak Pawòl Seyè a pou Timoun Izrayèl yo, ki te pwofetize ke yo ta pral pran plas sa. E la li te avèk yo. Men Bondye pat pase atravè avè l, Li te vle pwouve Pawòl Li, ke Li te ka fè l. Yo te kite Lyon sa yo grangou anpil, e yo te lanse pwofèt sa anndan la, e yo te kouri vit sou li konsa. Kolòn Dife sa te kanpe la, (e tout bèt pè dife), Kolòn Dife sa te kanpe la, Lyon yo te bat ba. Li kenbe Pawòl Li. Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Bondye kenbe Pawòl Li, Li pwouve sa, Li pwouve l konsa.

135 Bon, Li te retire chalè a toutwit sot nan flanm dife founèz adant lan, pou pwouve ke Pawòl Li se te sa, ke Li ka fè l apati de dife a. Drèt anndan flanm sa yo, kote yo te jete timoun sa yo ladann, chalè entans founèz la--la te touye gwo sòlda sa yo ki t ap kondwi yo anwo la. E Bondye te kite dife a kontinye ap boule, men Li te retire chalè a de li. Li pwouve !! Si w pran pozisyon pou Li, Li va pran pozisyon pou ou. Kanpe bò kote w? Ebyen, se sèten! Inè pita, yo te louvri pòt la, pou di, "Gade, konbyen nou te mete anndan la, pe enpòt?" Gade, "Nou wè twa ke nou te mete anndan la." Li te di, "Gen kat anndan la, e youn nan yo sanble ak Fis de Dye a." Ou wè, Li montre !! Poukisa? Li se Pawòl la.

136 E yo te di, "Bondye ka delivre nou fè nou soti nan founèz adant sa, men, pe enpòt, nou pap koube devan okenn imaj, paske nou pran pozisyon pou Pawòl la." Okenn imaj, fòm relijyon an, elwaye w de sa. Bondye va kanpe bò kote w. Li va retire chalè pèsekisyon an. Li va retire vi nan kansè a--a. Li va pran...Li va fè nenpòt ki bagay; Li se Bondye. Pran pozisyon pou Li; Li va pran pozisyon pou ou. Li pwouve ke Pawòl Li se vre, a chak fwa. Li te retire chalè a de flanm lan, Li te fèmen gèl Lyon yo, elatriye.

137 Men yon lòt bagay Bondye te fè, pou montre ke li te Bondye. Lòm te vin konsa, apre nan dezè a la, ke yo t ap edike pwòp tèt yo, pou rann tèt yo de granzòm. Yo te gen òganizasyon yo te rele Farizyen, Sadiseyen, Ewodyen, e lòt ankò. E yo te de granzòm. Yo te fabrike prèt youn apre lòt. E yo te reyalize gwo bagay konsa, fabrike souvren sakrifikatè, ak gwo zotobre, pakèt afè elatriye.

138 Men Bondye, nan mitan tou sa, Li te sisite on pwofèt, pitit on sakrifikatè. Jamè...li te al nan dezè a a nevan. Li patka li non l, menm si l te ekri ak lèt ki gwsè on Vagon tren. Poukisa, poukisa li te fè sa? Li t on pwofèt. Si l te antrene dapre edikasyon papa l, li t ap pwobableman on Farizyen oswa on Sadiseyen, oswa youn nan gwoup pa

yo. Men li te g on travay enpòtan, ki se te pou anonse Mesi a. Poukisa? Bondye te kenbe Pawòl Li, e Li te pwouve sa. “Vwa youn k ap kriye soti nan seminè, ‘Men ni, mwen gen diplòm doktè mwen’”? Sa--sa te ka nan Almanak Anivèsè Dam Aje yo, men pa nan Pawòl Bondye a. Li te di, “Vwa youn k ap kriye nan dezè a, ‘Prepare chemen an pou Seyè a, e rann santye a dwat!’” Èske li t ap prepare chemen an pou Pawòl la lè sa, pou Pawòl la te ka manifeste? Alelouya!

139 Èske w pa wè, sou fòm lonbraj? Stope la yon minit. Nan dènye jou yo, dwe g on plas prepare pou Pawòl la manifeste, e n ap viv kounye a pa evidans nouvo Peyi a, amèn, Fis de lòm lan.

140 Komisyon Jan, ki te san edikasyon, san anyen, ki te rete nan dezè a. Predikasyon l yo se te an tip. “Rach k ap frape nan rasin pyebwa,” se sa l te wè. Sa te koupe avèk rach, pou te fè yon ti kay an bwa, li te konn fè dife pou boule bwa li. “O, nou menm jenerasyon vipè,” Se sa l te wè. Li te di, Nou menm jenerasyon vipè, kilès ki te avèti nou pou kouri pou kòlè k ap vini an? Piga nou kòmanse ap di, ‘Nou gen sesi, nou fè pati de sesi, e nou fè pati de sela,’ Bondye kapab ak wòch sa yo sisite Timoun pou Abraham. Kout rach kòmanse ap tonbe nan rasin pyebwa, e tout pyebwa ki pa pote bon fwi....” Kisa l t ap fè nan dezè a kan sa pat...elve kèk sotrèl ak bagay konsa pou li, li te brase bagay yo anwo kòm anba. Ou wè? “Li va rasanble ble a nan grenye, men po a, bal la, Li va boule avèk dife ki pap sispann.” Yon nonm konsa, ki pa menm gen abiman klèje sou li, pa menm on bone pou prèt. Ou wè? Li te vini ak on pyès rad an po brebi vlope kò l, ak on moso tisi an kwi ke yo te pran sou do on chamo, tou dechire sou li, e li te soti la ak bab li ak cheve l tankou raje konsa, pou di, “Kout rach ap bay nan rasin pyebwa.” Amèn. Li te vini, ap defye. Poukisa? Se te Pawòl Bondye a ki t ap pwouve, “Bondye kapab apati de wòch sa yo!” Bondye te pwomèt sa, “Men li, M ap voye mesaje M devan fas Mwen.” Pa youn ki trè relijye, pa youn ki syantifik oswa on prèv relijye, men prèv Pawòl Bondye a. Bondye ki t ap kenbe Pawòl Li, ou wè. Pa youn byen enstwi pa ditou, men avèk on pwofèt, ke yo te voye lan Non Seyè a. Li te fè sa, poukisa? Pou konfime Pawòl Li.

141 Bon, prèt sa yo te di, “Kounye a, nou konnen gen youn k ap vini nan dènye jou yo, kifè nou pral edike chak ti gason nou genyen, epi prepare pou sa. Ti mesye yo nou chak dwe resevwa yon edikasyon nivo kolèj. Nou dwe vin isit la. Pa gen dout men kisa desandans lan ta pral ye, li t ap swiv liye Levit yo, paske se la ke prèt yo soti.” Men li pat on prèt, li t on pwofèt! E sa se te chwa Bondye. Li pat oblije vini de yon denominasyon kèlkonk oswa on desandans kèlkonk. Se chwa Bondye, pa predestinasyon, prekonseans. Li te vini fason Bondye te chwazi a. Kifè

yo patap kwè l, paske li pat vini fason yo te prepare a, jan yo te panse li t ap vini an. Sa ka repete ankò, ou konnen, abityèlman se konsa. Men nou jwenn li te vini fason Bondye te vle a, pou pwouve Pawòl Li.

142 Remake, Li te fè vyèj la vin ansent, pou pwouve Pawòl Li. Ezayi 9:6, nou te jwenn sa, "Nou gen yon ti Pitit ki fenk fèt, Bondye ban nou yon Gason." Bon, nou jwenn Li te di ke yon vyèj ta pral tonbe ansent. E Bondye te koz vyèj la tonbe ansent. Poukisa? Pou pwouve Pawòl Li. Kounye a tandè pandan jis kèk minit, nou pral fini. Li te lakoz yon vyèj te tonbe ansent, pou pwouve Pawòl Li. Se te absoliman...Sa te etone tout syantifik. [Espas vid sou bann lan—Editè a.]...pou ale.

143 Nou konprann sa, èske nou te konprann? Ou wè, tè a te modi. Tout tè a modi, poutèt peche Adan. Men kan ti semans sa...Kounye a, fanm lan pa g on semans. Li posede on chan kote semans lan depoze, pa yon semans, paske pa gen okenn jèm, jèm lan dwe...yon semans dwe gen lavi nan li. Si se pa sa, se jis on matyè, lavi pa la. Kifè semans lan nan lòm. Se pou rezon sa ke semans sèpan an te dwe nan fanm lan, ou wè, paske se pat semans Bondye. Nou konnen sa. Kontinye avanse, tann jouk ou va gen liv sa pou li l, e alò ou va--ou va wè, oswa sa pral jis montre w dapre Lèzekriti, jis louvri tout bagay la nèt jis menm jan pou batèm lan Non L lan, ou wè kouman sa ye. Bondye pa janm gen tò, Li toujou gen rezon. Menm si w paka konprann Li, kwè L kanmenm. Ou wè? Se egzakteman Laverite.

144 Kounye a nou dekouvri Li--Li te di sa, Li te fè sa rive. Bon, kan ti semans sa, san èd yon nonm, te antre nan ti ze a nan chan an ke Li te kreye a, alò ti semans sa, ti jèm sa te ranpe antre nan ze a, e ti ke a te fòme isi a e li te kòmanse ap devlope yon selil apre lòt, pou ap viv de vi manman an, nan kò li, e anndan la li nourri l atravè san li. E nou jwenn, kounye a, l ap nourri l; se pa san pa l; men san manman an. Non, pa yon tikras nan san manman an. Tout bagay la nèt makonnen nan san manman an, pou prezève l de chòk ak bagay konsa, epi dlo a, men se pa menm yon ti zing san manman an. Manman kapab ap mouri ak TB, epitou ti bebe a fèt; li pa menm eritye sa, paske TB a se yon jèm, ki vin de san an. Men manman ka...bebe a ka...li pa pran tibèkiloz la; li fèb, men li pa gen TB, paske li ta dwe atrape souf manman an pou l ta gen jèm lan, ou wè, pou sa ka rive. Ti bebe a pafètman lib kan li fèt, paske se pa san manman an ditou.

145 Kounye a, nou jwenn ke Bondye te antre nan ti selil sa, ou wè, e Li te kòmanse ap devlope selil, ki t ap nourri de vitamin manman an ak bagay li te manje. Alò kan Li te vin ase gran pou manje pou kont Li, Li te kòmanse manje. E kisa sa ye? Se--se pousyè tè a, ki te fè w grandi epi plante nan lavi ak vi animal elatriye, e pandan L kòmanse

ap manje pwason ak pen ak lòt bagay, sa kòmanse ap devlope selil. E apre sa lè sa vin konplètman rive nan matirite a trantan, Li te batize an obeyisans pa Jan anba la, oswa pa Bondye, nan dlo a, e Li te pati ale. E kisa k te rive? Kolonb lan, ki te Bondye, t ap desann sot nan Syèl, ak yon Vwa ki t ap di, "Sila se Pitit cheri M lan, ki fè M plezi pou abite nan Li." Ki sa li te vini pou L fè? Pou rachte pati tè sa. Li te kòmansman kreyasyon Bondye. Paske, Bondye pa yon kreyasyon, se sèlman lan Kris Li se yon kreyasyon, paske Bondye Etènèl e Li s on Espri, e on Espri pat kreye. Li te kòmansman kreyasyon Bondye, e Bondye te rachte kò sa. Ou wè, lè L te desann, "Sila se Pitit cheri M lan, sa fè M plezi rete nan Li."

146 Kifè Limenm, Bondye, te desann apre L te fin pase atravè sa, e kounye a chak pitit, ki te manje epi fèt pa yon nesans natirèl seksyèl, fason w te vini an; alò kan sa te rive yon kote ou te pase atravè batèm dlo a, apre sa batèm Sentespri a, alò Sentespri a desann ak batèm Dife a pou reklame kreyasyon sa, menm bagay ki te fèt pou Li. Sentespri ak Bondye se menm Espri a. Ou wè? Li desann pou reklame kò sa pou rezirèksyon. E Li te resisite pou jistifikasyon nou, "Tout sa Papa te ban Mwen va vini, pa menm youn pral pèdi. Mwen va resisite l nan dènye jou a. Pa menm yon branch cheve nan tèt li pap peri." Sa se kòmansman kreyasyon Bondye a. *Sila a se swit kontinyasyon kreyasyon Bondye a. Lè sa tout tè a nèt dwe resevwa yon batèm. E alò Sentespri a desann nan yon vil pou abite sou tè a, e tabènak Bondye vini avèk lèzòm, pou abite avèk yo, Bondye tabènakle isit la sou tè a. Plan redanmsyon an antye sa se, jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri, menm bagay la ak lè sa a.*

147 Kounye a remake, Li te fè vyèj sa vin ansent, e se konsa li te pote yon Pitit san l pat konn gason. Sa te chavire lasyans atravè lèzaj. Sa toujou ap fè l. Yo te petèt ridikilize Ezayi lè l te pale pou di vyèj sa va vin ansent, "Bon, kijan sa te ka fèt?"

148 Mwen imajine m, Ezayi, jan l te jennen, kan l te tande Bondye di, "M pral ba yo on sipè siy, M pral ba yo on siy etènèl, yon vyèj va vin ansent." Bon, limenm, byen etabli pami pèp la, pèp li, on pwofèt, ke Bondye te konfime. Bon lè l te soti devan doktè elatriye, avèk deklarasyon sa, "Yon vyèj pral tonbe ansent." Ou wè, sa pat janm te rive anvan, depi kòmansman tan an, retounen jouk dèyè kote Bondye te kreye premye nonm Li an. Men isit la, kounye a, sè ke, on fanm ki isit la sou tè a pral tonbe ansent. Jis panse a sa nan yon domèn tèlman delika, se pa tikras jennen pwofèt sa pat jennen, men li te konnen Bondye t ap kenbe Pawòl Li, Li t ap pwouve sa. Mwen imajine m, chak fanmi Ebre te prepare ti pitit fi yo pou resevwa ti bebe sa, ou wè, yo te achte pou li ti choson ak ti soulye, oswa kèlkeswa sa yo konn pote a, ak ti leyèt, ap prepare yo pou--pou ti bebe ki gen pou vini an. Dè jenerasyon te

pase, men Bondye te pwouve Pawòl Li! Yon vyèj te tonbe ansent, e li te pote Bebe a, sa te pwouve ke Pawòl pwofèt Li a se te Laverite. Li toujou pran pozisyon pou yo.

149 Pitit vyèj Sa se te Pawòl la manifeste. Bon Sen Jan 1, si w vle li sa. Sen Jan 1, pwofèt sa, pwofèt sa, tou. Men Pitit vyèj sa se te Pawòl la manifeste, kòmansman kreyasyon Bondye a. Kounye a, tout tè a nèt se kreyasyon Bondye, men li pèdi. Ou wè? Alò Li rachte tè sa. E ou s on pati de tè a, e Li rachte w menm jan Li rachte tout tè a an antye. Ou wè? Bon, Pitit vyèj sa se te Pawòl la manifeste, "Nan kòmansman se te Pawòl la, Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e li te abite pami nou."

150 Satan te eseye tout plan pou fè L diskredite sa. Satan te eseye tout sa l te kapab pou--pou fè L diskredite l, li te eseye ofri L pou pran Wayòm lan san soufrans, li te eseye mennen L pou pran l san redanmsyon (alòske se te plan Bondye nan jaden Edenn lan kan Li te touye ayo a, ke se te sèlman avèk san Li tap pran l), li te menm pwomèt pou ba Li tout wayòm mond lan si L te pran l. Jis panse kijan de pwomès!

151 Èske w pa reyalize, chè presye zanmi m yo, nan moman sa, ke Satan ap fè w yon pwomès pou...li va fè w youn nan pi bon minis nan asosyasyon an. Li va ba w plas devan nan chak legliz pou w vin yon dyak. Li va fè tout bagay, si w va jis elwaye w de Pawòl sa.

152 Kounye a remake, li fè tout...li ba L mond lan ak tout wayòm yo, Li te ka pran yo. Li t ap eseye fè L brize Pawòl sa, paske li te konnen li t ap mare L drèt la si l te kapab. Li te fè Moyiz brize L, li te fè Èv brize L, men li te tonbe sou move Moun lan fwa sa. Poukisa? Li te Pawòl la, e limenm li pat konn sa. Li te Pawòl sa, pou Pwòp Tèt Li.

153 M ka wè l. Nou vle dekri l on jan de imaj pou timoun. M ka wè vye gwo zèl nwa sa yo ki t ap bat kont Èv, pou di, "Bon, kite m di w on bagay, sa bay plezi. Ou ta dwe eseye l."

"Men Bondye te di, si nou fè sa, nou va mouri."

154 "O, ebyen, se sèten ou pap mouri. Ou wè? O, se ridikil. Se kèk vye ide melanje. Piga w kwè anyen." Men Bondye te di sa! Bondye te pwouve ke sa jis. E L ap pwouve l kounye a menm, moun ap mouri nan moman sa. Li toujou ap pwouve ke sa jis.

155 Remake, lè l te vin kot Moyiz, li te di, "Moyiz, ou konnen ou s on tèt cho." Hmm. "Ou kolerik. Gade sa bann rebèl sa yo te fè, ou wè. Poukisa w pa jis desann la pou kase met nan men yo?" E li te fè l.

156 Men kan I te frape Liy ot tansyon di mil vòl sa, Sa te rache plim li yo kan I te kouri pou atake L. Li te di, "O, tande," li te di, "M va ba W tout wayòm yo."

"Sa te ekri!" Ou wè? "Sa te ekri!"

157 Kounye a li te di, "Si W se Fis de Dye a." Ou wè, li te toujou doute Sa. Li toujou ap anseye lòt pou doute Sa. Li te anseye Èv pou doute Sa, li te anseye Moyiz, li te anseye yo tout pou eseye doute Sa.

158 L ap anseye w pou eseye doute Sa. E oumenm ki chita jis la kounye a, si w vle m site non w, se Satan, ki t ap eseye depi lontan fè w doute de mwen. Piga w fè sa. Sè, si w fè sa, ebyen, ou...oswa, se pa mwen, men jis doute. Jis kwè Pawòl sa. Ou pa oblije kwè m, men kwè Sa a. Ou wè? Si m pwononse Pawòl sa, Se pa pa m, Se Pa Li. Pawòl mwen diferan, men Sa a se pa L. Ou wè? Remake kounye a, remake. M pa vle antre nan sa kounye a la.

159 Remake, pwomès, tout Pawòl Li, absoliman vre. Li te pwouve Yo. Li te pwouve sa, paske Li te pwouve ke Li te vrè Pawòl la. "Lòm pap viv de pen sèlman, men de tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye."

160 Kisa, kouman li viv? De, "Ebyen, si w va jis pran on pati Pawòl Bondye a, li va viv"? Bon, Se pat sa Li te di. Èske w te remake, c-h-a... "chak Pawòl"? Kouman li viv? "O, li manje anndan la"? Non, I ap mouri byen vit. Sa se lachè. "Ebyen, li, o, li fè pati de legliz. Li kwè tout bagay sof Sa"? Li ankò ap mouri. Èske w sezi I?

"Li ka viv sèlman de tout Pawòl ki soti nan bouch..." Souvren sakrifikatè a, evèk la, kadinal la, pastè a? "Bondye! Chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye." Kijan nou fè konnen se Pawòl Bondye? Li di I, apre sa Li pwouve L. Li pwouve Pawòl Li. Remake la, si se sa, konfesyon w pap fè w viv. Afilyasyon ak legliz ou pap fè w viv.

Remake, de Pawòl Li a sèlman, pa jis on Pawòl mal plase. Pèsonn va...Yon mo te touye ras imen an. Nan Bib la, nan Apokalips 22, on mo va touye ankò tout bagay la nèt, non li va efase nan Liv Lavi a. "Nenpòt moun ki va ajoute yon mo, oswa retire yon Mo!" Pa on mo! Pa...Pa, m vle di, pa--pa de mo, jis on sèl mo! Pa on fraz; yon mo! Yon mo! O, moun yo, èske nou konprann?

161 Bon, m pa jis ap pale egzakteman a oditwa sa. Sa a anrejistre, ou wè, e Li prale toupatou nan mond lan. Èske nou konprann, moun nan mond yo, ke se yon Mo, on Mo, pa on fraz, pa on paragaf, on Mo, se jis sa ke Èv te doute. Sa te mennen...Bondye te pwouve I. "Men alò si w gade chak Pawòl, ou va viv." Yo te doute yon Mo, sa te mennen lanmò sou ras imen an. Men Lòm pap viv de pen sèlman, pou fòs fizik li, men de tout Pawòl, chak Pawòl

jis jan Sa ekri a. Bib la di, "Se pa okenn entèpretasyon prive." Pèsonn pe enpòt kote li ye a, okenn ditou, pa dwe eseye entèprete kwakseswa nan Pawòl Bondye a. Bondye se Pwòp entèprèt Li.

162 Kan Li te pwomèt, Li te di, "Ke limyè fèt," e te gen limyè. Li te di, "Yon vyèj va vin ansent," e li te fè l. Ou wè, kèlkeswa sa Bondye di, Bondye pwouve l.

163 Pe enpòt konbyen w ap eseye panse ke rezirèksyon fizik la paka fèt, epi moun sa yo ki byen lwen lòt bò la, se jis pousyè tè a, e yo pi mal ke pousyè kounye a, yo jis tounen asid ak gaz ki te fè kò yo a. Nanm yo toujou ap viv. Bondye di, "M va resisite l." Jòb di, "Menm si vè ta detwi kò sa, malgretou nan chè mwen m va wè Bondye." Ou wè, pe enpòt, chak Pawòl dwe gade, e lòm va viv de Pawòl sa. Li te resisite yon nonm, apre l te mouri depi kat jou, pou pwouve ke Li se rezirèksyon e Lavi. Kan yon nonm ki te mouri depi kat jou epi dekonpoze santi, ak nen l ki te deja tonbe nan kat jou. Se vre. Premye bagay ki tonbe anfonse, nan èt imen, se nen an, li lache antre nan kadav la, li vin glise epi l tonbe. Apre sa po a, ensèk yo, ou...Yo plase w nan on sèkèy byen sele, kèlkeswa sa l ta ye a, men poutan vè ki ap devore po a pa bezwen sot nan tè a, yo deja nan ou. Èske w te remake? Jòb te di, "Menm si vè nan po mwen--mwen ta detwi m." Pa vè nan tè yo, pap gen ditou. Vè yo nan ou, deja pou detwi w, lanmò deja ap travay nan kò mòtèl ou a. Men lè w posede Kris, alò Lavi ap travay nan kò mòtèl ou a, pou resisite w. Ou wè? Li te resisite yon nonm soti nan lanmò, apre l te mouri depi kat jou, "li te santi," pou pwouve lè Li te di, "Mwen se rezirèksyon e Lavi. Sila ki kwè lan Mwen, menm si l mouri, li va viv ankò." Ou kwè sa? E li te resisite nonm sa, pou pwouve ke Pawòl Li te vrè. Dakò!

164 Remake, Li te Pawòl la. Ebre 4:12, si w vle make sa. Ebre 4:12, li di, "Pawòl Bondye a pi file ke yon epe de bò, Li disène panse ak entansyon ki nan kè." Èske se vre? "Li disène." Pou pwouve ke Li te Pawòl la, kisa l te fè? Pyè te vin kote l, non l se te Simon. E li te vin kot Jezi, e Li te di...li te chita la, e osito ke li te vin kot Jezi, Li te di, "Non w se Simon, e ou se pitit Jonas." San edikasyon, san diplòm pou apiye l, li pat gen anyen ke jis li t on pechè pwason òdinè, san edikasyon, se sa Bib la di l te ye, "inyoran e iletre," men li te vin evèk legliz ki te--ki te nan Jerizalèm. Poukisa? Poukisa? Jezi te di l kimoun li te ye, kisa non l te ye, e kijan papa l te rele. E li te konnen ke se te Pawòl la, paske Bib la te di, "Bondye Seyè w la va sisite on pwofèt tankou m," e sa te dwe Pwofèt la, e pat gen pwofèt ki te pwomèt apre Malachi ke Mesi a, katsanzan san yon pwofèt. E men yon Nonm ki te kanpe la, ap konfime, oswa ap pwouve Pawòl Li, pou nonm sa ki te predestine pou Lavi, Li te di, "Non w se Simon, dezòmè...Ou se pitit Jonas, dezòmè yo va rele w 'Pyè.'" Panse a sa! A kimoun Li te pwouve l? Poukisa Li pat pwouve Pawòl sa

pou Kayif? Li te Bondye, Li te konnen ke Kayif patap janm kwè l. Men nonm sa te òdone pou Lavi, li te rekonèt Li drèt la.

165 Yon lè Li te kanpe nan mitan, kote yon lòt nonm te ale kèk jou pita pou wè yon bon zanmi nan tounan montay la, apeprè kenz mil distans de kote yo t ap preche a, li te vin avè l jou apre a. Li te kanpe la pami yo, e li te rive kote Jezi te ye a. Jezi te gade toutotou, Li te Bondye, ou wè, Li te gen disènman. Sa montre ke, ou wè, Li t ap rann Pawòl la kòrèk, Li t ap pwouve Pawòl la.

Bon, kèk nan yo di, "Ou konnen, Nonm sa se Pawòl la."

166 "Tenten," prèt sa yo te di, "nèg sa pa sa. Non. Sa pa Pawòl la."

167 Li te di, "Ou konn sa Lèzekriti di, 'Bondye Seyè w la va sisite on Pwofèt tankou Moyiz.' E se Li. Koute L."

168 Ebyen, Li te di: "Ou se, gade, yon Izrayelit, ke pa gen riz nan li."

Kanmarad sa a te di: "Rabi, kilè W te konnen m?"

169 Li te di: "Anvan Filip te rele w, lè w te anba pyebwa an, M te wè w." Li te konn kimoun ki t ap kwè Sa.

170 Li te di: Rabi, Ou se Pitit Bondye an. Ou se Pawòl lan." Jezi te pwove L te Pawòl lan, pa Pawòl lan.

171 Remake ti madanm nan pi an. Li t ap chache yon Mesi. Li pat g anyen pou wè ak gwo foul moun ak denominasyon yo, e latriye, yo te genyen nan jou sa yo. Li t ap chache Pawòl lan. Kidonk yon Nonm, yon fwa, ki chita lòtbò la a, yon Nonm òdinè, ki chite la a sou bò wout lan, te di-te di: "Madanm, pote yon bagay pou M bwè."

172 Li te di: "Kounye a, tann on minit, petèt L ap eseye fè frekan avè m," li dwe te panse nan kè l, paske yo te make l kòm on fanm move repitasyon. Te di: "Poukisa, Ou gen...Poukisa W poze m on kesyon kon sa? Nou gen segregasyon isi a. Ou se-Ou se-Ou se jis on...Ou s on Jwif, nou se Samariten, pa...Se pa nan koutim, li pa kòrèk pou mande m kon sa." Ou wè.

173 Li te di: "Fanm, si w te konnen a Kimoun ou t ap pale, ou t ap mande M pou bwè."

174 Li te di: "Oumenm, pou bwè? M pa menm wè yon bokit oswa yon kòd. Kòman W tap janm ban m okenn dlo sot nan pi sa a?"



Li te di: "Se pa de pi an M t ap pale." Ou wè?

175 Apr on moman, li di: "Sa s on Kanmarad ki dwòl." Kifè l te kòmanse ap kite po dlo an monte, ap rale.

176 Li di: "Ebyen, dlo ke M bay lan t ap sous dlo, sous dlo, k ap jayi monte nan Lavi Etènèl, ak nan nanm ou."

177 "Ebyen," li di: "kounye a, tann on minit, m-m konprann, Oumenm antanke yon Jwif." Di: "Kounye a, noumenm Jwif yo," di: "Ou vle di m ke W pi gran pase papa nou, Jakòb, ki te fouye pi sa a?" Li te Bondye Jakòb lan. Ou wè? Te di: "Èske W vle di ke W pi gran pase-pase Jakòb, ki te fouye pi sa a?" Yon Nonm òdinè, ou wè, li te sanble. Se tout sa w te wè, yon nonm òdinè. Te di: "Ou di Ou pi gran pase papa nou, Jakòb, ki te fouye pi an, epi te bwè nan li pou tèt pa l, ak bèt li yo? Ebyen, nou jis beni nan bwè pi sa a kote pwofèt sa a te fouye a."

Li di: "En-en," Li di.

"Epi nou adore nan mòn sa a. Ou di "nan Jerizalèm."

178 Li di: "Lesali sot nan Jwif la, fanm, nou konn de kisa n ap pale." Li di: "Nou adore nou pa konn kisa." Yon Jwif sipoze konn Pawòl lan, ou wè, sa L te sipoze ye. Men, ou wè, Li t ap gade kounye a. Poukisa? Li pral...Kisa L pral fè? Pwouve Pawòl Li. Ou wè? Poukisa, li te di...Li te di: "An pasan, al chache mari w epi vin isi a."

Epi l di: "M pa g okenn mari."

179 "Poukisa," Li te di: "ou te di laverite, ou wè, paske ou te gen senk, e sila a ou genyen kounye a se pa mari w." Ou wè? Gadel! On bagay te rive, ou wè, on bagay te pran Lavi. Kounye a, si l pat anndan la a pou kòmanse, si l pat gen reprezantasyon sot nan predestinasyon, sa pa tap pran.

180 Men prèt yo te kanpe la a, te di: "Nonm sa a se Bèlzeboul." Ou wè, pa gen reprezantasyon.

181 *Lavi Etènèl*, "ou te toujou la." Ou wè, ou gen Lavi Etènèl, gen sèlman yon fòm nan li, se Bondye. Ou te atribi L, Li te panse a ou epi te konnen w anvan fondasyon mond lan, nan panse L. Ou wè?

182 Li te vire gade. Gade ki-ki fòm plen peche l te ye andedan. Men, ou wè, Li pat ka-Li pat ka pran prèt sa a, paske prèt lan te yon save ki edike, yon teyolojiyen nan Pawòl lan, men pa gen reprezantasyon nan Syèl, ou wè, pat nan panse Bondye ditou. Men fanm sa a te la. Li te di: "Mesye, m konstate Ou s on pwofèt. Se jis tou sa L te vle l wè. Ou wè? Te di: "Nou kwè ke se sa W ye, mwen kwè Ou s on pwofèt. Kounye a, nou konnen. Nou pa

konprann sou pwofèt yo kounye a, paske li vrèman ta, nou konnen ke g on Mesi k ap vini. E lè Mesi sa a vini, L ap Pawòl lan. Ou wè, Li pral konn sekre kè an, Li pral fè menm bagay ke-ke W te fè la a.” Te di: “Ou dwe youn nan pwofèt Li yo, pou vin avan L oswa on bagay.”

Li di: “Mwen se Li.”

183 Kisa L tap fè? Li tap pwouve Pawòl Li, ap pwouve pozisyon Li, ap pwouve sa L te ye. Bondye te nan Kris, ap rekonsilye mond lan ak Limenm. E Bondye se Pawòl lan. Trè byen. Li te kalme van yo ak vag yo, pou pwouve pwofesi Ezayi an: “Yo va rele L ‘Bondye Toutpwisan an, Papa ki toujou dire an.” Ou wè? Li te miltipliye pen ak pwason yo tou, Pitit sa a ki ne de on vyèj. Kisa l te ye? Pou pwouve Pawòl la. Tout Ekriti dwe akonpli. Li te pwouve Pawòl la, nan di Li te Jehovah ki manifeste. Li te kòmansman kreyasyon Bondye an. Bondye nan kreyasyon, Bondye ak on ti pati nan kreyasyon an isi a ke Bondye t ap viv nan Limenm, Li te kòmansman kreyasyon Bondye sa a: “Plizyè fis ne de Limenm.” Note, Li te miltipliye pwason yo tou. Li se Pawòl lan ak prèv Pawòl lan.

184 Kounye a koute byen, antan n desann vè lafen an. Jou sa a, ke m te li sa fè apeprè kèk minit de sa, kounye a, lè L vin nan kay Jairus lan. Li te mache antre, lè L te rive la a. Kounye a, sonje, Jairus te yon-yon prèt, yon kwayan ki rive nan limit. Li te vle kwè nan Jezi, men l te rayi pou bay legliz li vag, paske yo te di: “Nenpòt moun ki kwè nan Li yo pral mete l deyò nan legliz lan.” Kounye a koute trè byen kounye a, nan fenmen, ban m on bon jan atansyon. Gade sa. M kwè ke Jezi te konn sa lè L te janbe lanmè a, paske L te konn tout bagay. E lè L te janbe lanmè a, te kanpe anba la a, epi men ti prèt sa a k ap desann. Pitit fi l te vin vrèman malad, doktè yo te ba l vag, te di: “Li lonje nan pwen lanmò.” Kounye a, moman vini pou aksyon.

185 Petèt se pou maten an, moman vini pou w aji. Ou wè? Petèt ou vrèman malad. Petèt ou gen konviksyon ou nan lerè. Sa ta dwe sa. Bondye fòse sityasyon an, tan vini pou aksyon.

186 Kounye a byen. Epi l vini, li pat okipe sa rès nan yo yo te di, dwat deyò an piblik, epi vini epi te tonbe nan pye Jezi. Al on aksyon pou-pou yon save ki edike, pou vin jwenn Youn ke nou pa gen prèv de janm al lekòl. Kijan yon nonm vini, te sipoze nan tout teyoloji an, vin jwenn yon Nonm ki te sipoze “yon kondane, yon nonm sovaj, moun fou, pa nan bon sans Li, pa menm gen bon lespri l.” Padone m ekspresyon an, men “Li se jis on akarayat òdinè nan jou an,” tout moun te panse sa de Li. Jan n ta di jodi a, nan ekspresyon lari an, “Moun fou!” Jan m te preche lòt jou an sou ekwou ak boulon an, nou konnen. Ou wè, se sa L te ye pou piblik lan, jis yon chak jou

òdinè...Di: "Poukisa, Ou pèdi tèt ou! Ou fou! Ou s on moun fou!" Kounye a, men te g on nonm ki te gen tout konesans yo, ap vin jwenn Sila a ki te sanse pèdi tèt Li. Li te fòse pou sa.

187 Gade I kounye a. Sa pral pike jis on ti kal, men I ap bon pou nou. Ou wè, pafwa yon chòk leve nou.

188 Remake, Li vini epi L t antre bò kot tifi mouri sa a, ki te mouri sa te fè petèt dè zèdtan de sa, e yo te fin lonje li, epi mete likid pou anbome sou li, epi mete I bò divan an. Se fason yo te fè nan jou sa yo, jis vlope yo epi mete yo nan on twou, sou on planch. Li te lonje sou divan an, flè yo nan viwonn li.

189 Epi, o, ti pastè debyen sa a, ti Jairus, m imajine I t on ti pastè debyen, tout moun te renmen I. Paske, nou wè, m ka pwouve sa, paske li te kwè Jezi, nan kè I. Men li te jis pat ka rive pran desizyon an, paske li t ap g on chèk k ap antre chak samdi oswa chak lendi maten. Ou wè? Li jis pat ka rive pran desizyon an-an. E yon lòt bagay, moun yo, gran bon prestij ke I te gen nan mitan moun yo, yo tap di: "Nou konn kisa, Jairus te vin fanatik. Ou wè, li t al lòtbò la a ak fo pwofèt sa a. Se jis egzakteman sa I te fè, kote tout siy ak bagay ki sipoze fèt sa yo, Pwofèt Galile sa a, nou konnen, Jezi de Nazarèt."

190 Nou pa kwè sa kounye a, sa sonnen sakrilèj, men se fason sa a I te ye lè sa a. Ou wè? "E, yon jou, jan sa ye kounye a, sa pral fèt lè sa a." Ou wè, menm bagay!

191 Kounye a remake, li t al lòtbò la a. E I pat ka rive fè sa, men tan an vini kote I te fòse fè I. Li te dwe fè I. E men I t ale epi pran Jezi, dwat deyò devan yo tout, epi te tonbe nan pye L, epi te di: "Mèt! Mèt!" Nou konn kisa sa ye? Souverènte, pwopriyete. Egzak.

192 Ou wè, anpil moun vle pou Jezi Sovè yo, men pa Seyè yo. Ou wè, Seyè se "souvren." Ya. Nou di: "Jezi, Oumenm sove m epi kite m kanpe dwat isi a, e se kòrèk, epi m ap fè pwòp zafè m. Kounye a, Oumenm pa antre nan biznis mwen. Men Ou ka Sovè m, men pa Seyè m." Li vle pou L Seyè, nou wè, apres a L se Sovè nou.

193 Men kounye a, li te di: "Mèt, Sovè!" Ou wè? "Mwen....pitit fi m, sèl pitit mwen an, li gen douz an, doktè yo ba I vag." Pa gen dout prèt la ta ka di sa: "Ou konnen, you tout te pale de Ou ki s on fanatik, men, Ou konnen, Mèt, mwen-mwen-mwen kwè nan Ou. Mwen kwè. M konnen W gen disèman. E sèl bagay mwen vle W di, se, jis vin lonje men W sou li. Epi apres a di m sa pou m fè, m ap fè I." O, kounye a w ap rive on kote!

Te di: "M prale. M prale." Epi I te pran wout lan.

194 Apre I te pati depi plizyè èdtan, men yon nonm ap kouri, tankou koutim lan te ye lè sa a, ak sann sou tèt li, te di: "Pa twouble Nonm lan, pitit fi w mouri. Li deja mouri, yo deja ranje I epi lonje li."

195 O, ti kè li! Jezi te vire je sa yo, te gade I, li te di: "O! O! O!"

196 Li te di: "Èske M pat di w?" Kounye a, kisa L te fè la a, Li te pwomèt Jairus. Kounye a Li te dwe pwouve sa. Amèn. "M te di w. Jis sèlman kwè epi w ap wè glwa Bondye a." Kounye a, Li te konn kisa L t ap fè. Li te di L pat f anyen jouk Papa an te montre L an premye. Sen Ja-Sen Jan 5:19, "M sèlman fè sa Papa an montre M," kidonk Li te montre L kisa k ta pral rive.

197 Kidonk lè L te rive nan kay la, epi te kanpe la a sou kote ti fòm frèt, rès sa a lonje la a, te malad pandan de semèn. E ti kò pal li, pat gen manje ki t antre nan kò I, epi fyè ak bagay, epi I te-li te mouri. Yo te flite sou li nèt ak epis ki anbome sa a ak bagay. Epi lonje la a, nou konnne, sou divan an ak bagay, ap pare pou vlope I epi mete I nan on tonm, epi yo mete...te gen ti seremoni yo de gen flè nan viwonn li. Jezi vini. Epi tout moun: "O, Jairus, pitit fi w mouri! O, pè Jairus, O! Nou sitèlman dezole pou ou," ak tout bagay.

198 Li te di: "O, ret trankil; nou fè twòp bri." Li te di: "Kisa tout eskonbrit sa a n ap fè bò isis a?" Nou wè? "Eskonbrit sa a, nou jis...n ap-n ap rele epi kriye fò. Tifi an pa mouri. L ap dòmi. Chiiit."

199 Apresa kisa yo te fè? Lè yo te tande L di ke I pat mouri, yo...Te di: "Yo te griyen dan moke de Li." Nan lòt mo, yo te di L aba. "Aba! Pouki, Oumenm! Pouki, Oumenm fo pwofèt! Pouki, Oumenm twonpè lòm! Tifi an mouri. Doktè an te di I mouri. Nou te anbome I, nou te lonje I. L ap lonje la a, li mouri." Yo te di: "Ha, ha, ha! Kounye a, Jairus, ou t ap pale sou Li, kounye a sa k pase a sa a?"

200 Nou konn kisa L te fè? Li te di: "Nou tout sot isis a." Nan viwonn enkredilite konsa, sa pa ka mache. Kounye a, kisa L te di? Li te di: "Jairus, si w ap kwè sèlman, w ap wè glwa Bondye an." Kounye a, sa se Pawòl Li. Li dwe pwouve sa. Trè byen.

201 Apresa lè L t antre nan kay la kote yo tout t ap kriye, Li te di: "L ap dòmi." Sa te kontrè ak lasyans. Sa te kontrè ak bon sans. Li te mouri, anbome.

202 Osito ke yo te mouri, yo te anbome yo la a menm, jis osito lavi an te soti nan yo, yo te vide epis ak bagay sa yo sou yo epi te vlope yo epi te fè yo pati. Ou wè, antere yo, yo antere yo jis, ebyen, pafwa pat menm avèti

moun yo. Nou konnen, Anasyas ak Safira; yo te fin antere Ananyas, lè Safira...Ananyas, lè Safira t antre, nou wè; te fin fè l soti epi te antere li, nou wè. Yo jis, osito yo te mouri, yo te vide bagay sa a sou yo epi fè yo soti la a epi mete yo lwen. Ou wè?

203 Kidonk Li te deja pare pou al nan tonm lan, men yo te vle tann pou papa wè l anvan yo mete l lwen. Epi lè L antre, epi limenm nan kondisyon sa a, epi L te di: "Li jis ap f on syès."

Ebyen, yo te di: "Kounye a, si Kanmarad sa a pa fou vre!"

204 Kidonk kounye a kisa L te fè? Li te deja di l t ap dòmi, Li te dwe pwouve Pawòl Li. Li pat ka fè l devan gwoup sa a, kidonk Li te di: "Mete yo tout deyò." E m ka wè L k ap vire gade Jairus epi di: "Ou toujou kwè?"

"Wi, Seyè."

205 "Oumenm ak madanm ou vin isi a. Pyè, Jak ak Jan, noumenm vin avè M." Yo te mache la a epi te rele pawòl sa a: *talitha cumi*, ki vle di: "Tifi, leve." Epi L te pwouve Pawòl Li, li te sèlman ap dòmi. Èske se vre? Li te pwouve isi a, Pawòl Li te vrè. Malgre enkredilite yo, Li te toujou pwouve Pawòl Li te vrè, nan leve li, paske L te di l t ap dòmi. Li t ap dòmi.

206 L ap fè menm bagay la yon jou, pou chak vrè kwayan. paske Pawòl Li te pwomèt sa. "Sila yo ki nan Kris, Bondye pral mennen yo avè L." Ou wè, "Sila yo ki nan Kris."

207 Kisa tifi Jwif sa a te fè? M te jis kòmanse detounen de Ekriti sa a isi an, men m-m pral-pral kenbe l. M konnen l ka on tikal ta, e nou pral rive nan liy priyè a nan kèk minit. M pap wè nou pou on lòt semèn petèt, men ann tann on minit. "Lòm pap viv de pen sèlman." Ou wè? Remake, kite m jis pouse sa antre kounye a, pou montre nou. Poukisa Jezi te leve ti sèvant Ebre sa a? Paske li te konnen l pat mouri? Predestinasyon. Jis menm lan tankou L te fè Laza. Ou wè? Petèt te gen plizyè ti sèvant ki te mouri menm jou sa a, Li pat janm di on mo pou yo. Li te konnen ti sa a te gen Lavi Etènèl. Ou wè, Li pat leve rès nan yo.

208 Gade, lè L soti nan Jeriko, yo di: "Men, mesye sa isi an!" Pa gen dout yo te di: "Ou leve mò yo? Ou di m ke W ka leve mò yo, nou g on simityè plen avè yo isi an, vin, leve sa yo." Ou wè, Li pat menm bay yo on ti bout atansyon. Ou wè, pat janm fè l, paske L te konnen L te Pawòl lan.

209      Remake, li te sèlman ap dòmi. Li te konnen papa an t ap vini. Kounye a, tifi sa a, ou wè, Li te konnen ke ti sèvant Jwif sa a te sèlman ap dòmi. Ou wè, jis la-la pa mouri. Jezi te vini pou rachte jis la. E, *rachte*, vle di: "pou achte tounen de kote w te ye yon fwa." Ou wè? Li pat ka rachte enkwayan yo, sa pa enpòtan kijan yo te edike ak konbyen doktora yo te genyen. Li pat ka rachte yo, paske yo pat rachtab; yo te dwe ale nan destinasyon yo. Men, nan presyans Li, te konnen ke Laza t ap soti nan tonm lan. Li te konnen tou tifi sa a te gen Lavi Etènèl. Kidonk li pat mouri, li te sèlman ap dòmi. E lè travay nou fini sou latè, si n pa viv jouk Vini Li, nou pa ka mouri, nou sèlman ap dòmi. Li te pwouve l isis a. L ap pwouve l ankò. "Menm si vè sou po an detwi kò sa a, poutan m ap leve nan resanblans Li."

210      Li pwouve tout Pawòl Li yo, tout Pawòl Li yo. Jis panse a sa, tout Pawòl *Li* yo! E nou te Pawòl Li. Li te Pawòl lan, e nou te fè pati de Pawòl Li. E, se pou rezon sa a yo te voye nou isis a, pou konfime plas nou nan lavi. Mwen-m-m pa panse nou konprann sa. Ou wè, Li se Pawòl lan. Kounye a nou konprann li?

211      Li te nan pye yo, nan Luther; nan kwis yo, nan Wesley; nan zepòl yo, nan Pannkot. Ou wè sa m vle di? Li se Tèt lan. Nou g on pati ki reyini sa ansanm, lè sa a n ap viv kounye a; pa pati pye yo, pa pati kwis lan, pa pati zepòl lan, men pati kou an. Èske se vre? Li jwenn ak tèt lan. Sa se pati kò an. Sila yo k ap dòmi nan Jezi Bondye pral mennen yo avè L. Twonpèt Bondye an va sonnen, epi mò yo an Kris va leve an premye. Èske se vre? Ou wè, nou vin yon pati nan Pawòl sa a, nou vin yon pati nan Li. E n pran Non Li pou rekonèt sa, ou wè, nou plase anndan la a, batize nan Non Li, nan Kò Li: "Pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò," anndan isis a, jis egzakteman tankou menm pozisyon an. Li pa janm chanje fason Li. Si...Konbyen moun ki kwè Legliz primitiv lan nan Li? Ann wè, konbyen moun ki kwè sa? Kijan yo te batize? Trè byen. Ou wè, Li se Bondye ki pa chanje. Nou te pwouve sa. Nou te ka ret isis a jouk minwi aswè an, ap pwouve sa, epi toujou kontinye epi kontinye epi kontinye. Ou wè, ki pa chanje! Ou wè? Nou nan Li e yon pati nan Li, paske nou te yon pati nan panse L. Anvan fondasyon mond lan, Li te rele nou!

212      Bib lan te di ke bèt lan sou latè a...Sa se antikris denominasyonèl lan k ap vini sou latè, ap fòme bèt lan nan Wòm, ki te premye denominasyon an. E Konsèy Legliz Nise sa a fòme yon imaj pou bèt lan, jis egzakteman sa nou jis mete nan liv lan la a lòt jou an. Remake, li fòme sa, ou wè, antikris lan. E Bib lan te di: "Tout sa yo ke non yo pat ekri sou Liv Lavi Ayo an," (kilè, nan revèy lan?) "ki touye anvan fondasyon mond lan," (non w te mete sou la a) "antikris sa a pral twonpe nou." Matye 24:24, di ke-ke "Antikris lan tap sitèlman pre tankou vrè bagay la

nan dènnye jou yo, li t ap twonpe eli yo menm, oswa predestine...” Se menm bagay lan, eleksyon ak predestinasyon se menm bagay lan, Bondye te eli nou oswa predestine nou anvan fondasyon mond lan. “Pral twonpe tout sa yo ke non yo pat predestine sou Liv Lavi an.”

213 Danyèl te pale de sa, kijan saj yo ap ye nan jou sa a, epi kijan sa k pa saj yo, e latriye. Trè byen, sitèlman, men m jis ret a prale twò-twò lwen, revèy la ap bouje twò rapid pou mwen. Remake, kounye a gade, Li te remake aprè...Kounye a gade kisa k te pase isi an. “Tout sa L te konnen davans, Li te rele. Tout sa L te rele, Li te jistifye. Tout sa L te jistifye, Li te glorifye.” Vwayaj nou fini, n ap viv pati pa nou an. Lagras se sa Bondye te fè pou nou. Zèv se sa n fè nan apresiyasyon.

214 Te pwouve pa menm bagay Li a, ke L te konnen tout bagay, Pitit sa a ki de on vyèj. Li te konnen kote k te gen yon pwason nan dlo an, ke Pyè avè yo te voye nas dwat lòtbò an epi pat atrap anyen. Sa te pwouve Pawòl Li. Èske se vre? Li te konn tout bagay.

215 E lè L te pare pou peye taks Li yo, sa te montre ke L te posede tout bagay. Li te konnen kote yon pwason te ye ki te gen jis ase monnen nan bouch li pou peye pou...Yon moun te lage l la a, epi pwason sa a te jis ranmase l. Epi L te di: “Pyè, desann epi voye liy lan anndan, ou wè, epi pran pwason sa a epi pran monnen sa a sot nan bouch li. Epi ale epi ba yo satisfaksyon, peye taks yo.” O, wi!

216 Rena yo gen tannyè epi zwazo nan lè gen nich, men L te gen Pawòl lan, Li te Pawòl lan, epi te pwouve l konsa. Li toujou pwouve Pawòl Li. L ap fè l menm jan an kounye an, nan chak jenerasyon Li pwouve menm lan.

217 Apre twazyèm jou an, apre lanmò L, antèman, sou twazyèm jou an, Li te leve vivan ankò, pou pwouve Pawòl Li, paske pwofèt la te di: “M pap soufri pou Sila Ki Sen Mwen an wè koripsyon, nitou M pap kite nanm Li nan lanfè,” twazyèm jou an, anvan koripsyon te ka enstale nan swasann douz èdtan. Ou wè, li pat ale pou twa jou yo nèt, paske koripsyon enstale nan swasann douz èdtan. Ou wè, kidonk Li pat ale nan tan an plen, paske pwofèt lan te di, ou wè, pwofèt lan te di: “M pap soufri pou Sila Ki Sen M lan wè koripsyon.” Li te pwouve Pawòl Li.

218 Li te geri malad yo, enfim yo, pou pwouve Pawòl Li ke Ezayi ak rèz pwofèt yo te di.

219 Li te voye Sentespri an nan Jou Pannkot lan, pou pwouve Pawòl Li. Nou vle gen kèk nan Ekriti sa yo kounye a, Jowèl 2:28. Li te di: “Sa va rive nan dènnye jou yo, Bondye di, M ap vide Lespri M sou tout chè, ak sou sèvitè M ak sèvant mwen M ap vide Lespri M. Jenn gason nou yo va wè vizyon, mesye granmoun nou yo va reve

rèv,” e latrye. Li te pwouve sa pa vide! Epitou, Li te di anvan tan sa a, nan Lik 24:49, si n vle make l, Li te di: “Gade, Mwen voye pwomès Papa M sou nou. Men ret tann, nan vil Jerizalèm jouk pouwva k ap soti Anwo desann nou nou.” Men li, Li te fè l, Li te voye Lespri an pou kontinye pwouve Pawòl Li. Men gade kisa L te di. Èske L te fè l? Trè byen.

220 Mak 16, Li te di: “Ale nan tout mond lan, preche Levanjil lan bay tout kreyati.” Jouk ki kote? Tout mond lan. Kimoun? Tout kreyati. “Sila ki kwè epi ki batize va sove. Sila ki pa kwè va kondane, e siy sa yo va swiv sila yo ki kwè.” Li te di nan Mak 4, Li te di nan Jan 14:12, epitou L te di: “Sila ki kwè nan Mwen,” pa ki pretann kwè, men: “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè tou.” Sa te pran menm Lespri an ki te nan Li pou fè menm zèv sa a. Paskè kisa? Lespri a t ap vini pou manifeste Pawòl ki pwomèt la nan lavni an. Ou wè, Li te fè yon pwovizyon, paske L te konnen bagay sa yo t ap rive.

221 Kounye a, apre milnèfsan zan, ak laj legliz yo ki pase, ak tout bagay ke L te pwofetize de Luther, Wesley, nou te jis al ladann epi te wè sa trase, e lalin lan desann epi te trase l, e Seyè an te trase l sou tablo an isi an pou nou, epi te montre l, epi desann Limenm epi te konfime ke se vre. Aprè milnèfsan zan, e nou nan fen Laj Legliz Lawodise an, Li te pwomèt, nan Lik 17:30, ke menm Fis de lòm sa a (Li te pwomèt li) t ap revele nan jou tankou l te ye nan Sodòm, sou latè. Èske L te fè sa? Èske l dwe rive? Se enposib...Kounye a, sonje, Li vini nan twa non: Fis de lòm lan, yon pwofèt; Fis de Dye a, Lespri an; Fis de David la, pou Milenyòm lan. Men nan mitan, lyezou sa a, kounye a selon pwòp Pawòl Li yo, nan jou lè Fis de lòm lan va revele, revele Tèt Li kòm (Kisa? pa Fis de Dye) Fis de lòm. Pral revele tèt Li nan on fason diferan. Kounye a, kisa sa fè? Malachi 4, egzakteman vre. Ou wè, Fis de lòm lan pral revele Tèt Li, pa nan tout on gwo denominasyon ak bagay, jan n te genyen atravè laj yo, men L t ap manifeste Tèt Li kòm Fis de lòm ankò, pou manifeste Malachi 4. “E nan jou sa a, M ap voye pwofèt Eli an ba nou, e l va vire kè timoun yo tounen al jwenn Lafwa papa apostolik yo, lwen sot nan tout denominasyon sa a, epi tounen nan Pawòl orijinal lan ankò,” pou trase Pyebwa Epouz dènye jou sa a ke L te pwomèt lan. “Nan tan aswè an va gen Limyè,” pa atravè jou bwouya an, va gen limyè; se pral yon jou ki pa ka rele lajounen oswa lannwit. Ou wè, l ap fòme Kò an. Men menm Tèt lan ki te isi a nan Lès, isi a nan Lwès ankò, “Va gen Limyè nan tan aswè an.” O la la, m santi m tankou m ta chante yon chante!

Va gen Limyè nan tan aswè a,

Chimen laglwa w ap jwenn sètènman;



Nan chimen dlo a, se Limyè jodi a,

Antere nan Non Presye.

Jenn ak granmoun, repanti nan tout peche nou,

Alò Sentespri a va antre sètènman,

Limyè aswè yo vini,

Sa konnen e se yon fè ke Bondye ak Kris se Youn.

222 E Fis de lòm lan ap revele Tèt Li nan menm pwisans ke L te ye a, (pa desann atravè laj legliz lan, atravè jistifikasyon, sanktifikasyon, tout bagay sa yo isi a) men Fis de lòm lan. Kimoun ki Fis de lòm lan? Pawòl lan! E Pawòl lan pi rapid pase, pwisan pase yon nepe a de bò, epi disène panse ki nan kè an. Kisa L te dwe fè? Li dwe pwouve Pawòl sa a. Kisa L t ap fè? Remake sa lè n wè l k ap rive, gade L nan menm fòm ke L te ye isi an nan kòmansman an, Kolòn Dife an. O la la! Ap pwouve ke L se Ebre 13:8, te di: “Jezikri se menm lan ayè, jodi a ak pou tout tan.” Kisa l te ye? Jezikri, menm lan ayè, ki te Kris ki te nan dezè an ak Moyiz. Konbyen moun ki konn Bib lan te di sa a? Yè! Se te Kris lè Pòl t ap pale isi a jodi a (nou kwè sa?) nan Nouvo Testaman an. Apresa Fis de lòm lan, menm Kris lan, nan dènye jou an. Ou wè? Trè byen.

223 Remake tou Jan 14:12, Li te di: “Zèv ke M fè yo nou va fè tou.” Tout lòt Ekriti sa yo, kisa L fè? Li isi an kounye a ap pwouve (Pa laj Luther, pa laj Wesley, pa laj Pannkotis, pa laj Batis, pa laj Presbiteryen, nou te desann dwat ladan l epi te pwouve l pa listwa nan Bib lan; men kisa?) laj Fis de lòm lan k ap revele, pou fè bagay sa yo antre pou akonpli Pawòl lan lè tout dwe akonpli. Ou wè? Nou wè li, e se vre!

224 E, panse, pa menm metòd yo Li te fè an premye, se pa sèlman konfime nan mitan nou, men li konfime pa lasyans. Yo dwe admèt Li vrè. Georges J. Lacy, tèt FBI lan, pou anprent ak dokiman, te di: “Limyè an te frape lantiy yo. M te rele l sikoloji mwenmen, men,” te di: “Mesye Branham, kamera sa a pap pran sikoloji. Li la a.”

225 Kisa l ye? Yon temwayaj, ke de zane lontan de sa lè Kolòn Dife an te kanpe la a nan touf bwa sa a tankou yon toubiyon, ap pale, Li te di: “Piga w janm fimen oswa bwè, g on travay pou w fè lè w vin gran.”

226 Moun yo te di: “Ti gason sa a pèdi lespri l.” Manman m te vle rele on doktè, M te gen nè.

227 Men kisa I te ye? Li te enstale I la a nan pye rivyè sa a la a, nan Rivyè Ohio, epi te di: "Tankou yo te voye Jan Batis pou pare yon pèp pou Pawòl lan manifeste, se konsa Mesaj ou a pral fè."

228 Kijan Doktè Davis avè yo te rele m "pèdi" "lespri" m, te vle fè m soti nan legliz lan, paske m pat dakò avè I sou fanm predikatrix ak tout bagay sa yo ki pat selon Lekriti. Li te di: "Epi w di w pral preche epi pwovoke yon revèy ki pral frape mond lan?"

M te di: "Pa mwenmenm, men Li te di sa."

Li te di: "Billy, ou te g on move rèv."

M te di: "M ap remèt kat mwen touswit, m pa nan nou ankò."

229 Li te di L, mwen kwè L, e L te pwouve L. Se bon pati an, Li te pwouve L, te pwouve Pawòl Li pa Pawòl lan, paske L se Pawòl lan. Ou wè? E Pawòl lan fè kisa? Konnen sekrè kè a. Èske se vre? Trè byen, pwouve I nan Ebre 13:8.

230 E L ap g on Legliz Epouz pare nan dènye jou yo. "Kijan L ap fè sa, Frè Branham?" M pa konnen. Men L te di L t ap fè I. L ap pwouve I. Youn ki Rele soti nan lòt yo, se vre, zwazo ak tach ki tachte pa San Li. Ou wè? Rele soti, tout rès twoupo an kont Li. Yo meprize epi rejte L.

231 Men zwazo ak tach lan, kounye a, ki mele m konbyen fwa otè an pat vle dakò ak Sa, li fè erè. Sonje, kisa I te fè zwazo an, zwazo ak tach lan te ye? Yo te pran de nan yo, te touye youn, konpayon an, te vide sou lòt zwazo an, epi se te pou netwaye lalèp, ak tach san an, epi te rele: "Sen, sen, sen, pou Seyè an." E se te Konpayon nou, Jezikri, ke yo te touye, epi San L sou nou, ap rele: "Sen, sen, sen, pou Seyè a." Tout rès zwazo yo...M kontan non m sou Liv li; pa isi an sou latè, men anwo la a.; pa sou on po kabrit, men sou po Ayo an. Se vre.

232 Pral g on rezireksyon de mò yo. L ap konfime sa. Se vre. L ap pwouve sa. Pral g on Anlèvman de Legliz lan. "Kijan I pral ye?" M pa konnen, men L ap pwouve sa. Pawòl Li yo vrè. Pral g on Milenyòm. L ap pwouve sa, Se Pawòl Li. Pral gen yon nouvo syèl ak on nouvo tè. L ap pwouve sa, paske Pawòl Li di sa. E sèlman jis lan pral la a. L ap pwouve sa, tou. Se vre. Sèlman sila yo ki te fè pati de Pawòl sa a (ou wè, pral pati pa yo ak pozisyon pa yo nan Pawòl sa a pou laj yo) pral sèl sila a ki pral la. Paske, se jis sa I ye, Li se Pawòl lan. E kisa k on fanm? Imaj yon nonm. E kisa ki-kisa ki Legliz lan? Imaj Pawòl lan. Ou wè, Se egzakteman. Ou wè? Kidonk I ap la a, jis

egzakteman. Sèlman vrè kwayan yo nan Pawòl Li konn Sa e ka kwè L. E Bondye ede yo pwouve I, se vre, ke se vre.

233 Èske nou kwè L kounye a? Èske n kwè L? Si se sa, lonje men nou pa lafwa epi manyen rad Li, paske L ap pase chimen sa a. L ap pwouve Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, Ebre 13:8: “Men, Mwen toujou avè nou, jouk rive fen mond lan,” Matye. E L son Gran Prèt, selon Ebre, Liv Ebre an, chapit 4 ak vèsè 15 lan: “Li se Gran Prèt lan ke yo ka manyen pa santiman enfimite nou yo.” Èske n kwè sa? Lonje epi manyen Seyè an. Li toujou prezan: “Men, Mwen toujou avè nou.” Gade atravè laj yo. “Pwouve tout bagay. Kenbe fèm nan sa ki bon.”

234 Kounye a, si nou fè pati de yon legliz ki pa kwè ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, menm lan nan chak fason, rale kòn nou sou li. Pwouve!

235 Kounye a, nou di Li leve vivan sot nan mò yo. M pat di I, Pawòl lan isi a te di I. Yo te di: Li te leve sot nan mò yo.” Li di Li se menm lan ayè, ak pou tout tan. Nou kwè sa? Li te pwomèt bagay sa yo pou yo rive nan dènye jou an, ke menm Fis de lòm lan pral manifeste.

236 Kounye a, sonje, se pat Jezi ki t ap pale ak Abraham la a, ki te ka disène panse nan lespri Sarah dèyè Li. Se pat Jezi, Li potko fèt. Men se te yon Nonm nan chè imen, ke Abraham te rele “Elohim, gran Toupwisan an.” Ap montre...E Jezi te di: “Jan sa te ye nan jou Sodòm yo,” kounye a gade byen, “nan jou Sodòm yo, se konsa I pral ye nan vini Fis de lòm lan, lè Fis de lòm lan ap revele.” Pa tankou on legliz ankò, ou wè, pa ankò; yo rele Epouz la, ou wè. “Nan jou sa a Fis de lòm la pral revele.” Kisa? Pou reyini Legliz lan ak Tèt lan, ini, maryaj Epouz lan. Apèl Lemarye an pral vini dwat nan sa a, lè Fis de lòm lan pral desann epi vini nan chè imen pou ini toude yo ansanm. Legliz lan dwe Pawòl lan, Li se Pawòl lan, e toude ini ansanm, e, pou fè sa, sa ap pran manifestasyon revele Fis de lòm lan. Pa yon nonm klèje. Mwen-m pa konnen, mwen...Èske n wè sa m vle di a? Ou wè, se fis de lòm, Jezikri, ap desann nan chè imen nan mitan nou, epi ap fè Pawòl lan tèlman reyèl ke I pral ini Legliz lan avè I kòm yon sèl, Epouz lan, epi apres a Li pral Lakay pou Soupe Nòs lan. Amèn. Li deja ini, ou wè, n ale nan Soupe Nòs lan, pa maryaj lan. “...ranpli chè nou...nou menm, de tout chè dèzòm pwisan, paske maryaj Ayo an vini.” Men, Anlèvman an, se ale nan Soupe Nòs lan. Lè, Pawòl lan isi a ini ak moun lan, epi yo toude vin yon sèl. Epi apre kisa I fè apres a? Li manifeste Fis de lòm lan ankò, pa teyolojiyen legliz lan. Fis de lòm lan! Pawòl lan ak Legliz lan vin yon sèl. Kèlkeswa sa Fis de lòm lan fè, Li te Pawòl lan, Legliz lan fè menm bagay lan.

237 Kijan L te pwouve Tèt Li atravè laj yo? Atravè pwofèt yo, ki te ka pale Pawòl lan, konnen panse yo. Se konsa yo te konnen L, sa. Te pwomèt nan laj legliz lan, vini ladann ak “pa menm lannwit oswa lajounen,” men nan tan aswè a lè Fis de lòm lan t ap revele. Li t ap vini ankò. “Va gen Limyè nan tan aswè an.” Ou wè? Kisa L fè? Pwouve Pawòl Li.

238 Kounye a tounen gade, èske L te vin tankou yon vyèj, èske L te vini jan yo te di a, atravè vyèj la, pito? Èske L te vini jis egzakteman fason L te di a? Gade jodi a, Li te pwouve Pawòl Li malgre kijan anpil ate, enfidèl, endiferans, Li toujou kontinye vini dwat, te pwouve Pawòl Li. Men nou, nou vini atravè laj sa a de tout legliz yo ak bagay, rale kò tankou yo te di sot nan Malachi rive nan vini Kris lan. Tout pwofèt ak bagay yo te sispann, epi yo t ale nan diyite e latriye, men, jis egzakteman, gade ki kalite pèsonaj Li te voye. Se egzakteman Eli an, youn ki rayi fanm imoral, epi ki mete anpil penti, poud ak makijaj ak tout bagay sa a la a. Epi mesye klèje yo, li te touye yo adwat ak agoch. Sot nan dezè a, pat nan okenn rans ak okenn nan yo, epi te di: “Mesi an sou wout. M ap konnen L lè L vini, M ap prezante L. Amèn. Piga nou kòmanse panse nou fè pati de *si oswa sa*.” Jis menm lan tankou Eli te fè!

239 “E nan dènye jou yo, sa pral rive, anvan gran jou terib Seyè a rive, m pral voye nou, anvan gran jou terib sa a rive, m pral voye nou Eli pwofèt la, e li pral retabli Lafwa timoun yo tounen bay papa yo.” E gade, Lafwa papa yo bay timoun yyo, Jwif yo. Wè? Pwomès yo nan Ekriti a, Moun lòt nasyon yo epi kote yo te sot tonbe. Gade miksparfè sa a, egzakteman. E la a nou wè l, Bondye ap pwouve Pawòl Li.

240 Annou bese tèt nou on moman. Bondye byenneme, ki ramne Seyè Jezi nou pami mò yo, pou pwouve Pawòl Ou, e Li vivan jodi a, sa pwouve Pawòl Ou. “Se, m toujou avè w, menm jiska nan fen an,” Li pwouve Pawòl Li. “Jezikri, menm a yè, jodi a, e pou toutan.” ( Si li pat “pou toutan,” petèt ke ou ta ka-ka trebiche sou kèk nan yo.) M pa kanpe pou m eksplike l, Seyè. Men, *pou toutan*, yo konnen, se jis “on-on espas nan tan an.” E kounye apre aj sa a, pap gen pou toutan ankò, lap Etènite. Alò Li te menm Bondye an ki te nan Moyiz e nan pwofèt yo. Apresa Li vini apre on tan, epi Li mani-...Tèt Li ... manifeste Tèt Li tankou Bondyepwofèt. E apre nou te gon espas nan tan, e Li vini ankò. “Menm a yè, jodi a, e pou toutan.”

241 Nou panse a Salomon sa a, nan gran milenyum Jwif yo, lè pat gen okenn nasyon ki te oze manyen yo, e ke gran don Bondye sa a te nan pwofèt la jiskaske li te fè renn la konnen tout sekrè kè li, anyen te kache. Gran aj la, ki tap montre e ki tap ekri ke gon gran Aj kap vini.

242 E kounye a, Papa, se te Oumenm, pa Salomon. Se te Oumenm nan Jezi, paske Li di: “ Nan Kris la, Bondye t'ap fè tou sa Li te kapab pou fè moun vin byen avè L ankò. Li te kòmansman kreyasyon an.” Kò L te kreyasyon ki te rachte. E kounye a, atravè aj yo, legliz la pèdi premye lanmou li, e kounye a, nan dènye jou yo, Ou te pwomèt rele on ti minorite, ti Twoupo a, nan dènye jou yo.

243 Papa, kè nou ap sote, epi kè m ap bat, e lè map panse a sae ke m konnen ke Pawòl Ou se verite, okenn nan Yo ka fayi. Kite moun sa yo jodi a konprann sa, epi kite pechè a chache W nan lè sa a, anvan ke pòtay yo fèmen e ke pa gen tan ankò. Kite Epouz la, alò ke lap kòmanse elwaye l de sa a epi sa a, kite l retounen nan chemen an jan vizyon an te montre l kèk semèn de sa.

244 Map priye Ou, Papa, pou beni kounye a, epi geri malad yo. Gen rad ki la a, mouchwa ki sot... ki soti diferan pati. E kounye a, nan Ekriti a, Li di ke: “Yo te pran rad ak tabliye, mouchwa, ki te nan sou Pòl, e yo te ale jwenn malad yo, e Bondye geri yo.” Kounye a, nou konnen nou pa Sen Pòl, men nou konnen ke se pat Sen Pòl, se te lafwa moun yo an limenm ki te sèvitè Ou. Seyè, moun sa yo pa tap woule santèn kilomèt sa yo si yo pat kwè. Rekonpanse lafwa yo, Seyè, alò ke... pa ke mwen wen mouchwa a (Pòl pa janm wen yo, li pran sou kò li), alò ke map kenbe mouchwa sa yo, Seyè, pa ke kò m (paske l pa bon), men pwopriyete pa W ki rachte, alò m priye, Bondye, ke Ou onore lafwa yo. Ke chak moun geri, pou lanmou Wayòm Bondye. Kounye a, Seyè, on Mesaj long, m pat vle li depase kèk minit, men li pase an dezè ou plis. Kounye a, kite malad yo geri, Seyè, kite moun yo wè ke Ou la a, ke m pa di sa poukont mwen. Se Ou, Seyè. M priye nan Non Jezi. Amèn.

245 Kounye a, jis apeprè dis minit. M pa konnen... (Èske-èske nou bay la a, kisa l ye?) Billy di li te bay kèk. M te mande l fè l maten an. E m fèk rive kèk minit de sa lòt bò a, e m pat gen chans mande l, paske m tap pale avèk Frè Ben e lòt yo ki te la a. M pat gen chans di l. Li jis di m ke li tap bay kat lapriye. Kat lapriye B, san... (de en a san?) B. Ebyen, annou, m kwè ke se kat priye nimewo en, B. Kiyès ki gen B? Èske ou ka... Si ou ka leve, leve men w, si ou ka mache. On fanm dèyè a. Trè byen, B, nimewo en, nimewo de, twa, kat, senk, vin isit. E m pral mande timoun sa yo si yo vle vin dèyè platfòm lan epi chita la kounye a. Trè byen. Kounye a, kounye a m di nou li, voye yo, nou pase nan ale sa a, nou menm moun de en a senk, pase la a epi desann. Kite sa yo ki nan ale a, si yo kapab, pou yo tounen la a nan plas yo. Kounye a, timoun yo ki chita la a, vini dèyè platfòm lan la a. M vle yo mache jis toupre la a, moun yo, pou m sa priye pou yo.

246 Bon, annou gade kounye a. M wè. Kisa m rele, en a senk, pa vre? En, de, twa, kat, senk. En... Tout moun ki gon kat priyè isi a, en a senk, leve men nou, gade si yo tout kanpe. Genyen en, de, twa, kat. Manke m youn. En, de, twa, kat, senk, nan B. Èske nou tout en, de, twa, kat? En, de, twa, kat? Kote senk lan, nan B? Senk, tounen la, madanm. Trè byen, msye, fè tou a la a. Se sa. Fè tou a epi tounen, senk. Sis, sèt, uit, nèf, dis. Trè byen, B, kat priyè sis, sèt, uit, nèf, dis. Wè, si nou fè sa, pa gen dezòd. Sis, sèt, uit, nèf, dis. Kounye a, m gen... m kwè. Èske ou gon kat, msye, ki kanpe la a? Sèt? Trè byen, ale la a, swiv yo. M jis gen de, m kwè, la a. Trè byen, sis, sèt, uit, nèf, dis, kat priyè sis, sèt, uit, nèf, dis. M jis gen de, men... Ou gen youn, msye? Men. Men yo. Dis, onz, douz, trèz, katòz, kenz. Kounye a sa fè en, de, twa, kat, senk. Trè byen, sèz, disèt, dizwit, diznèf, ven. En, de, twa, kat, sa a. Trè byen, ven, vente en, venn-de, venn-twa, venn-kat, venn-senk. En, de, twa fè tou a la a, msye, fè tou a, mete w an liy, venn-senk, venn-senk. Ede l la a, kite l soti la a kote l vle. Men li, frè, jis la a, yo louvri on chemen pou ou. Pèp la louvri on chemen pou ou la a. On moun, ede l la a, si nou kapab. Kite l fè tou a pou l jwenn liy lan. M di nou li, fè l chita la a, e lè yo rele nimewo li, mete l anlè la a. Wè? Lè li gon nimewo, mete l nan liy la. Trè byen, m panse ke se apeprè tout sa ki ka-ka ale kounye a.

247 Kounye a, konbyen isi a ki pa gen kat priyè, e nou gen konfyans, nou-nou absoliman sèten ke Bondye ka geri malad yo? Leve men nou. Èske nou kwè l? Konbyen isi a ki sot... ki konnen ke m pa konn anyen de nou, m pa konn anyen de maladi nou? Gen-gen moun isi a, bon, tabènak mwen an, pou youn nan nou etranje, pa gen moun prèske ke mwen ka wè, sof minis sa yo. Jis la a, m wè on moun ke m rekonèt. Mwen pa isit la ase, wè, e jis gen moun ki soti tout kote. Konbyen moun isi a... Kite m pwouve nou li. Konbyen nan nou ki konnen ke mwen pa konn anyen de nou? Leve men nou. Gade la. Wè? Wè? Se men nou devan Bondye, nou wè. M pa konn anyen de yo. Kounye a, m pa konn si m ta jwenn on moun ke m konnen, ke yo rele nan liy priyè a konsa, men mwen pap konnen poukisa yo la. Wè, m pap konnen poukisa yo la.

248 Kounye a, sa map eseye fè, se pou m fè nou wè sa, gade: "Zèv yo ke Mwen fè, nap fè yo tou." Èske nou kwè sa? Èske nou kwè ke Li pral pwouve Pawòl sa a? Trè byen. Èske Li di ke Li ta pral revele tèt Li kòm Fis de lòm nan fen aj legliz la? Konbyen? Èske mond lan ap sanble, gen fòm Sodòm e Gomò? Èske nou kwè sa?

249 Kounye a, Billy, poukisa ou pa kite yo vin la a? Wi, dakò. Bon, ok, dakò.

250 Nan fen aj la, Li pral revele tèt Li. Kounye a, gade, èske nou reyalize ke, alò, gon enposibilite total? Kounye a, gen moun ki kanpe nan liy sa a, ke m pa janm wè nan vi m. Gen moun ki chita lòt bò a, ke m pa janm wè. Men,

sonje, Ebre 4:15, mwen kwè ke se sa, ki di ke “ Li se Granprèt la kounye a, se pa yon moun ki pa kapab soufri ak nou nan feblès nou.” Èske se vre? Kounye a, si Li se Granprèt la, alò Li se Ebre 13:8, alò, “menm lan ayè, jodi a, e pou toutan.” Èske se vre? Kounye a, kijan Li pral revele tèt Li? Jan m di nou, Li toujou pale atravè pwofèt Li yo. Li toujou voye on-on-on-on mesaj anvan jijman an. Tout bagay yo, Li pa janm chanje fason Li.

251 Li te deside nan jaden Eden lan, kijan Li ta pral sove lòm, atravè san on inosan. Li pa janm chanje l. Nou eseye chanje l, atravè edikasyon, atravè gwo kay won Babèl la, atravè gran vil yo, ak tout bagay konsa. Nou eseye chanje l, men sa pa mache. Nou eseye chanje l, nan edike mond lan pou Li. Nou eseye chanje l, pa denominasyon moun yo. Sa pa janm mache. Gon sèl plas kote lòm ka rankontre pou adore, anba San an. Denominasyon nou pral separe nou, men anba San an nou se menm. Li pa janm chanje.

252 Kounye a, si Li se Granprèt ki pa chanje a, e Li se menm lan ayè, jodi a, e pou toutan, alò Li dwe kenbe Pawòl sa a. Pa poutèt nou di l, men paske Li di ke Li tap fè l. Wè? Bon, kounye a, si Li fè sa... Kounye a, jis kanpe on minit, reflechi. Kounye a, konbyen nan nou nan liy priyè sa a konnen ke m pa konn anyen de nou, sou maladi nou? Alò leve men nou, nou konn sa mwen... Konbyen nan liy priyè sa a konnen ke m pa menm konnen nou. Leve men nou.

253 Gade nan odyans lan, wè. Kounye a, nou menm lòt bò a, nou pa bezwen la a, nou jis manyen rad Li. Nou jis pale, di, “Seyè Jezi, mwen kwè W.” Kounye a nou di, “Mwen kwè Sa. Epi mwen-mwen kwè ke-ke Ou ka revele a Frè Branham, paske...”

254 Kounye a, pa poutèt se Frè Branham, li jis on moun òdinè. E pwobableman si Anlèyman an vini maten an... Nou panse a Anlèyman an? Si Anlèyman an vini maten an, m di l avèk tout imilite, pa gen dout ke mwatye kongregasyon sa a, si nou ale selon degre yo, selon sa nou dwe ye, mwatye nan nou tap ale anvan m. Se vre. Mwen pa... Gade responsabilite ke m genyen, e kijan m pote l vagman. M son sèvitè inital pou Kris, pou m konnen sa m konnen de Li epi pou map viv jan map viv; pa imoral, pa sal, anyen de sa, Bondye konnen se vre. Wè? M eseye viv korèkteman, men m-m-m gen lenpresyon ke mwen pa ka fè bagay la pase. Petèt si se te on lòt moun, petèt trè edike oswa on bagay, yo tap ka fè l pase bay moun yo. Men alò, fò nou panse ke se pa tout moun ki pral genyen l, de tout fason. Wè? Wè? Wè, Li konn sa l pral fè. Alò m jis remèt mwen a Li epi m di, “Seyè, mwen nan Men W, fè sa W vle de mwen.” Kounye a, si Jezikri se menm lan ayè e pou toutan...

255 Kounye a, m kwè ke m konnen dam sa a. M pa ka sonje kiyès li ye, men mwen konnen I. M konnen I, an kèlkesòt. M wè figil li, men m-m pa konn kiyès li ye nan moman an. Men mwen-mwen-mwen konnen I, on jan. Èske ou konnen m? Uh-huh. M-m tap panse, m tap gade figil li, m tap panse ke mwen konnen I, men m pa di kiyès li ye. Men mwen kwè ke li... Èske mari w... Èske se pa ou, dam kap travay nan... Mari li ap travay nan Seven-Seven-Seven... ou Seven-Eleven, ou on bagay konsa, nan New Albany. Madan Agan, se sa. Kounye a, ou te vin la a deja, nan legliz la. Roy, se pa li kote nou te ale on jou sou...Èske se li... èske se li anlè mòn lan ? Kisa ou di? Sè li. Se te, se konsa, wè. M sonje ke Roy avè m nou tap kondwi ansanm, e li mansyone non sa a, e Seyè a voye m anlè a e Li geri dam lan ki te la a. Wi, msye, e m fèk sonje.

256 Kounye a, men pou m konnen kisa ki pa byen lakay ou, m pa gen ide. Ou konn sa. Men si Seyè Jezi ka di I on bagay ke li fè. Oubyen petèt si li-li gen pwoblèm lajan. Petèt ke limenm ak mari I gen pwoblèm , petèt ke li menm ak timoun li yo, petèt youn nan pitit li yo, si I gen timoun, m pa konnen. Men si li genyen, petèt kèk nan pitit li yo ap-ap kouri. Petèt ke li la a pou konn on bagay sou sa. M pa konnen. Pa gen mwayen pou m konnen. Mwen-mwen-mwen pa ka di nou. Men Li konnen. Wè? Alò, nou wè. Èske nou wè?

257 Tande, kounye a, sezi sa byen. M pa janm di sa devan on odyans anvan, men m santi m kondwi pou di I kounyea. Kisa on pawòl ye? Se on panse ki eksprime. Kounye a, kijan m ka eksprime panse li, oubyen kijan m ka eksprime li sa panse I ye? Lap oblije on pati de panse a ki prezante, e li paka fè I. Alò fòk mwen eksprime panse Li, e si li jis... Si se panse Bondye, lap jis; si se pa panse Bondye, alò li pap jis; lap konnen, nou menm nap konnen, tout ap konnen. Wè, pa gen mwayen chape sa. Fòk se Bondye oubyen se pa Bondye. Gras Li sifi. Kounye a nou kwè, kounye a, tout moun.

258 E konbyen ki pral kwè? Ebyen, petèt ke nou pa janm wè youn nan reyinyon yo anvan, men nou pral kwè si Bondye fè sa? Epi noumenm lòt bò a kounye a, noumenm ki pap nan liy priyè a, priyè tou, wè. Oubyen, swa, si nap vini nan priyè a, m pa bezwen konnen kiyès nou ye, jis priyè.

259 Seyè Jezi, kounye a mwen pran anpil tan, men se sèvis Ou, Seyè. E m fè tout sa on imen te kapab fè, men Ou se Bondye, kounye a rès la nan men Ou, Papa. Kite moun yo konnen ke Ou se Bondye, ke Pawòl Ou se verite. Pwouve Pawòl Ou, Seyè, de dènye jou sa a kote Fis de lòm lan pral revele. Kijan Li te fè tèt Li konnen? Li te Pawòl la. Kisa Pawòl la ye? Li disène panse e entansyon kè yo. Li te konnen panse yo, Li te di Pyè, Filip, Natanayèl, fanm nan pi a, tout lòt yo lòt bò a, ke lè yo pral vini, Lap konnen ke ti pitit fi a ap dòmi, pa mouri. M priyè,



Bondye, ke Ou itilize enb tabènak nou jodi a, nan dènye kay terès sa a, pou Ou ka fè tèt Ou konnen. Nan Non Jezi. Amèn.

260 Kounye a pou geri, m pa kapab, nou konn sa. "Kisa on don ye, Frè Branham, on bagay nou pran?" Non. Se on bagay ou konnen kijan pou rale kò w sou chemen an. Wè? Osi lontan ke ou la, sa pap janm mache. William Branham se pi gran ènmi ke m genyen. Wè? Men lè m retire l sou chemen an, wè, alò Jezikriap ka itilize kò a. Wè? Nou wè, kounye a, map vin sou dam sa a. E kounye a? Kounye a di si-si li-si li te malad.

261 Men on dam isi a ki gen manm li alonje sou on-on chèz. Kounye a, si mwen... si Jezi te la, e ke L te desann epi te mete men L sou dam sa a, manm sa a tap retabli. Pa gen dout nan sa. Men, nou wè, nou se èt imen ki gen men sal. Men Li sen, Bondye jistifye L. Li te Pawòl. Nou kwè sa? Sèten, pa gen dout. Li mete men L sou li, te di: "Pitit fi, geri," e l te geri. Men apres a Li te komisyone nou pou nou fè menm bagay la. M panse ke Li te klèman idantifye li.

262 Kounye a, e si Li ta ban mwen on vizyon, e Li di dam sa on bagay pou l fè? Sa, eben, m kwè ke si mwen mete men m sou li, lap geri. Èske ou kwè l? Men Li pat bay vizyon an? Kisa vizyon an ta fè? Li tap sèlman ban mwen lafwa. Transmèt lafwa m, pouvwa envizib Bondye a. Wè? Kounye a, si nou, chak nan nou mouri kounye a la a, nou pap janm wè nou kap kite kò nou. Tout kapasite mantal nou, tout sa nou ye tap pati, men nou pap janm wè l pati. Wè? Sa tap... Fòs ki fè m bouje men m, son fòs, pa vre? Fòs la ki ta ka fè m panse, fòs la ki fè m preche, fòs la ki fè m viv, aji, menm fòs sa a ki ka motive kò sa a tap kite l e nou pa tap wè fòs la ale. Son fòs envizib. Tankou lafwa! Pa rate sa. Lafwa! E Jezi di: "Yap mete men yo sou malad yo." Kounye a, wè, si m gon vizyon e ke mwen mete men m sou li, m kwè ke lap geri, paske mwen wè vizyon an, konfyans mwen nan vizyon an. Men e pou Pawòl la? Mete men nou sou li avèk menm fwa a. Vizyon an sèlman bay pou motive fwa mwen avèk fwa pa w. Avèk menm fwa a, san vizyon an, lap mache menm jan an. Kèk moun resevwa on gwo lafwa. Kèk pa gen kalite lafwa sa, yo ba yo vizyon pou ba yo lafwa sa a. Wè? Kounye a, wè, sa tap toujou menm men sal yo, menm moun lan, men jis ap mete men sou yo.

263 Kounye a, kite Sentespri a konfime Prezans Li, konfime Pawòl Li ke Li te pwomèt. M bliye kijan ou rele. Kijan ou rele, kounye a? Agan. Ebyen, Li te ka di m, si L te vle, wè, men m jis di ke mwen-mwen konnen ke m konnen w. Kounye a, vini la a jis on minit, on ti kal pi pre, gen moun la a kap priye, ou wè. Sa se... Kounye a, Madan Agan, si mwen-si mwen sèvitè Kris, e ke mwen preche Pawòl ke m kwè ki Verite, èske ou kwè sa? [Madan

Agan di, "Wi."-Ed.] Ou kwè li. Kounye a, si ou bezwen on bagay, m pap ka ba ou l, paske m pa genyen l pou bay; sof si se petèt on ti lajan ou on bagay, oubyen m te ka, al pale ak mari w oubyen pitit ou yo ou a byenneme w yo ou on bagay, m tap kapab. Men si ou bezwen gerizon, m pa tap ka ba ou l, li deja achte. Men atravè on don, m ka fè w rekonèt, si ou gen lafwa, ke sa a te deja achte, paske Limenm ki achte l, sèl Limenm ou ka gen lafwa nan Li, se Pitit Bondye a. Achte a kanpe la a. Wè? Pa vre? Achte a la a.

264 Kounye a, ou konnen m tankou on frè, on minis, e m konnen w tankou on sè. Nou konnen L kòm Bondye. Kounye a, si Moun envizib sa a, pa on don ke m genyen pou m retire kò m de chemen an, Li ka di m, Li ka di w atravè mwen, bouch mwen, wè. Kounye a, lè mwen priye, Bondye pa wè m, Li jis tande vwa m atravè San Jezi a. Wè, Li pa wè m, Li tande vwa m. E San sa a reprezante sa mwen mande. Wè? Alò Li tande vwa m, men Li jis wè San an. Wè. Li pa wè m, alò m pa ka sal lè mwen anba San an. San an netwaye. Wè, Li se defans lan ant mwenmenm ak Bondye, e Li pwomèt: "Mande Papa a nenpòt kisa, Map fè l." Èske ou kwè sa se vre?

265 Kounye a, si tout moun... sanble a... Èske ou ka wè sa kap pase? Gade, vini la a, on Limyè, jòn, kap deplase toutotou.

266 Kounye a li pa tap ka kache l si l te dwe fè l. Non, non. Ou isit la swit a on rezilta on bagay ki rive w. Ou te gen pnemoni, e ou te al lopital. Ou te anba on tant oksijèn. E wap soufri konsekans maladi sa a. Ou pral retabli. Jezikri pral geri w, mwen wè l. Ale, kwè li. Kontinye, kwè li, Sè Agan. M pral mete men m sou ou, nan Non Jezi. Bondye beni w, sè m. Ale, ou mèt rejwi kounye a, pa doute sou sa l di.

267 Kijan ou ye, sè m? M pa kwè ke m konnen w. Nou se etranje. Men on dam ke m pa konnen. M pa konnen w. M pa konnen w menm. Men èske ou kwè ke Bondye ka revele m, pa Pawòl Li, paske, wè, paske Li pwomèt li? Ou kwè ke l ka di m on bagay sou ou? E sa tap fè w aksepte, pa vre, ou tap konnen ke se pa mwen, frè w, men Limenm, Sovè w. Èske ou kwè sa? Wap tann on operasyon. Yo di w ke ou dwe gon operasyon. Èske ou kwè ke Li ka di m poukisa operasyon a ye? Se nan vant lan e nan entesten yo. Se egzakteman sa. Ou vle chape l. Èske ou kwè kounye a, avèk Espri sa a la a, Espri Kris la ki avè nou e ki kanpe sou mwen...? Ou konnen, fò mwen di w on bagay, paske mwen pa konnen w. Èske ou kwè, si mwen mete men m, sa pral transmèt lafwa ke m kwè ladann, avèk oumenm avèk fwa pa w, epi devan Bondye, Papa nou, ke wap geri? Alò, Seyè Jezi, mwen obeyi kòmandman W, lè Ou di: "Siy sa yo pral swiv moun ki kwè. Si yo mete men yo sou tèt malad yo, yap geri", se pou sè nou geri pou glwa Bondye: nan Non Jezi. Amèn. Kounye a, ale, pa bliye, wè, kontinye kwè l ak tout kè w.

268 Kijan nou ye? M di sa jis pou kontakte lespri w, madanm. Men jan Jezi te fè l nan pi a, Li te di: “Ban m ti gout dlo pou m bwè.” Kounye a, m kwè... M pa kwè ke mwen janm wè w, m kwè ke ou son etranje pou mwen. Pa vre? Si se vre, leve men w pou odyans lan ka wè. M pa konn dam sa a.

269 Sa son gerizon otantik, son fwa otantik, on Ekriti otantik, Pawòl Bondye a ki pi ki manifeste e ki pwouve ke L pa mouri. Li vivan pou tou toutan. “E moun ki mete konfyans li nan Mwen, li gen pou l fè tou sa Map fè a, e kwayan sa a pral mete men l sou tèt malad yo e yo pral geri.” Oh, kijan ou ka doute sa? Wè? Kounye a, Li te konnen kiyès ki tap fè l epi kiyès ki pa tap fè l, mwen pa konnen. Se Li ki pou fè l.

270 Men kounye a, si dam sa a son etranje... M pa konnen l, m pa janm wè l nan viv m. Son jèn dam, pi jèn pase m. Men m-m pa janm wè l. E li la a pou on rezon. Èske ou kwè bagay sa yo ke mwen anseye nan Bib la se Verite, madanm ? Ou kwè ke se Verite? E èske ou aksepte L, pa poutèt mwen di L, men paske Bondye di L?

271 Ou kwè ke nap viv nan dènye jou yo kote Fis de lòm lan te dwe manifeste? Se tout Pawòl la ki te rasanble atravè Litè, Wesley, Batis yo, e tou sa, e Pannkotis yo, tout rasanble jiska revelasyon an de tout sa yo te ye. Setyèm anj lan te dwe ouvri mistè sis so yo. Tout dwe rasanble nan Fis de lòm lan, plenitid tan L rive nan plenitid Pawòl Li, pou manifeste plenitid Kò Li. Se Pawòl la, alò, se Pawòl la ki pale ki manifeste pa Pawòl la, ki revele Pawòl la.

272 Kounye a, si Bondye ka di m kisa ki pwoblèm ou, se, pito...Li fè w, Li konn tout bagay sou ou. E si Li ka revele l... Ou sanble on moun ki an sante. Men si Li ka revele m li, wap konnen si se vre ou non. Èske wap aksepte l? Kounye a, gade m byen. Natirèlman, ou mete linèt, ou te oblije mete yo. Se pa poutèt sa ou la. M ka wè ke Li deplase, wè. Kounye a, ou la a poutèt on kayo san. Wè? Wè? Èske ou-èske ou kwè ke Li ka di m kote yo ye? Janm ou. Èske ou kwè ke se Bondye kap fè sa ? Èske ou kwè ke Bondye ka di m pis bagay sou ou? Huh? Se nòmal ke ou son etranje, e m jis... pral pale on minit avè w. Èske ou kwè ke Li ka, ke Li ka di m ki kote ou soti? Ou soti Gary, Indiana. Èske ou kwè ke L ka di m kiyès ou ye? Madan Ogden. Se vre. Kounye a rantrè lakay ou epi geri, nan Non Jezikri. Wè?

273 Kijan nou ye? Nou se etranje youn lòt tou. M pa konnen w, wè. Men ou kwè ke Seyè Jezi ka revele m pwoblèm ou? [Sistè a di: “M konnen.”-Ed.] Ou konn sa. Mèsi, sè mwen. Se trè byen. Trè byen, kòm ou konn sa, alò, èni sa a pral ranje. E ou gon-e ou gon-on evolisyon sou kote w. Se vre, pa vre? Ou vle ke m di w sou ki bò li ye? Se sou kote dwat ou. Se egzaktman sa. Kounye a, kontinye chemen w epi kwè l, epi wap geri.

274 Nou kwè? Absoliman, se Verite. Èske nou kwè ke Pitit Bondye, Fis de lòm, te desann atravè laj yo jan Li te pwomèt li? Men, jis, èske nou kwè ke mond lan nan menm kondisyon ak Sodòm, pare pou l detwi ak dife, menm jan ak Sodòm? Sodomit yo se te Moun lòt nasyon, sonje. Men anba a, nan Sodòm, te gen moun jis, Bondye te voye on mesaj pou fè yo soti; kèk vini, kèk pa vini, pi fò rete. Men te gon gwoup ki te chita sou montay la, Abraram, e on mesaj al wè li pou montre l kisa ki ta pral rive. Li pa tap fè pati de li, de tout fason. Men mond lan nan menm kondisyon an jodi a, e Jezikri se Pitit Bondye, Fis de lòm, Fis de David, e Li vini pou manifeste tèt Li.

275 M fèk remake on bagay ki rive dam sa a. Li la a pou on gwo kòz. Li pa la a poutèt on maladi. Ou konn kisa l vle mande m? "Mete men w sou li" lap "resevwa batèm Sentespri a." Wè? Wè? Pa vre? Leve men w si se vre. Wè? Wè, li gon gwo bagay. Byenneme Papa ki nan Syèl la, bay pitit Ou dezi kè li, ke li resevwa batèm Sentespri a. Ki le resevwa L. Amèn. Wap resevwa L, sè m. Bondye beni w. Ba Li lwanj ak glwa.

276 Nou kwè? E oumenm lòt bò a, èske ou kwè tou? "Si w ka kwè, tout bagay posib." Rete sensè sou sa, èske ou kwè kayo san sa a ka pati tou? Ki chita la a avèk chemiz vèt la. Leve men w si ou kwè ke lap pati, lap pati. M pa janm wè nonm sa a nan vi m, on parfè etranje pou mwen. M pa janm wè l.

277 Èske ou kwè l, nou menm, odyans? Kounye a, èske nou pa wè, fòk se Li?

278 Kansè se pa on move bagay ke Bondye ka geri. Li ka geri l, pa vre? Èske nou kwè ke Lap fè l? Trè byen, alò ale, resevwa l, nan Non Jezikri. Jis kwè ak tout kè w.

279 Alo, cheri. Ou konnen, Jezi vèse San Li, pou-pou san w ta ka jis. Èske ou kwè sa? Bondye byenneme, m beni timoun sa a, e kite l genyen on transfizyon san ki soti sou Kalvè a. Retire tout sik la, Seyè, e ke l geri, nan Non Jezi. Bondye beni w.

280 Kijan ou ye? Èske ou kwè ke L ka geri do sa a e remete l byen? [Frè a di : "M konnen Li kapab."-Ed.] Trè byen, ale, kwè l, gen lafwa. Annou mete men nou sou ou pou mande l. Bondye beni w, frè m.

281 Èske ou kwè? Li kreye manje pou Li manje, Li kreye on vant pou dijere l. E lè on bagay pa byen nan vant lan, se Limenm ki geri l. Èske nou kwè sa? Se tout sa ou bezwen konnen, kwè ak tout kè w.

282 Kòm nou te gen menm bagay la, jis ale e kwè ak tout kè w, tou.

283 Se byen, mennen dam lan. Kijan ou ye? Bèl ti fi, li twò piti pou l gen pwoblèm fi. Èske ou kwè ke Jezi pral geri w de sa? Bondye byenneme, ti fi sa a, mwen modi lènmi sa a pandan m nan prezans Jezikri, se pou li kite l, ke li geri. Nan Non Jezi. Amèn. M beni w cheri, wap anfòm.

284 Èske ou kwè? Kounye a on omb nwa ap vanse, lanmò. On kansè pa... Bondye ka geri kansè a e fè l byen. Èske ou kwè sa ak tout kè w? Èske ou kwè ke Li pral geri w de maladi sa a? Nan Non Jezikri, mwen modi bagay modi sa a anban pwason kwaze sa a, se pou Kwa Kris la retire l. Se pou li disparèt, nan Non Jezi. Pa doute, ale, kwè ak tout kè w. "Si ou ka kwè, tout bagay posib."

285 Kijan ou ye? Natirèlman, atrit ou pral disparèt, e wap geri si ou kwè. Ou kwè ke wap geri e ke wap ka mache ankò epi pou w byen? Ke Bondye beni byenneme sè sa a, e ke Li geri l, nan Non Jezikri. Ale, kwè ak tout kè w.

286 Èske ou kwè menm bagay la ka rive w? Ebyen, m kwè ke sa rive. Ou pral... Si ou kwè ke ou geri kounye a. M kwè ke li soti an ou, mwen menm. Nan Non Jezikri, kite frè nou ale, pou l nòmal e byen, pou glwa Bondye. Amèn.

287 Finalman rive. Oumenm ki chita la a, ap kriye, ou kwè ke emoroid sa yo pral kite w? Li rete jis la a pandan dènye demi è a, li sanble, jis devan m. Li rete jis a kote nonm sa a. Ou kwè, pa vre? Ou kwè ak tout kè w, ou ka retounen Texas e viv byen. M pa janm wè nonm sa a nan vi m.

288 Èske ou kwè ke ti do sa a pral geri e ke ou pral pare pou geri? Seyè Jezi, manyen ti bagay sa epi geri l, nan Non Jezikri. Amèn. Kwè l ak tout kè w.

289 Kounye a ke Lespri a ap pwoche, li tout kote nan bilding lan. Difisil pou di kote l ka vini, strese. Kite m montre ou on bagay. Konbyen ki strese, lòt bò a, leve men nou. Wè, li difisil pou di kisa ki kisa. Men Bondye konn tout bagay sou sa, tout dezi nou. Nou eseye tout bagay, difisil, pou venk yo. Anpil bagay nan lavi, ou eseye kite, e ou vle sèvi Bondye avèk tout sa ki andedan w. Sanble toujou gon bagay ki kenbe w. Èske ou kwè ke sa pral rive kounye a, maten an, ke wap lib de bagay sa yo? Èske wap kwè l?

290 Papa nou ki nan Syèl la, pou lòt yo ka wè ke Ou se Kris la, Pitit Bondye, geri byenneme dam sa ki kanpe la a, Papa, apeze li. Nou tout konnen lap souffri, Seyè, e nap priye ke Ou pral geri l. Alò ke map mete men m sou

li ak tout lafwa, mwenmenm tou mwen gon atak la a, fatigue, Satan, twop travay, nè yo pa byen. Kite I, Satan. M mete men m sou li ak tout lafwa ke m genyen, kite I, nan Non Jezi. Ale, kwè an Li. Se sa ou te vle m fè.

291 M pa konnen w, on son etranje pou mwen. Èni sa a, si ou vle kwè I, lap geri. E on lòt bagay, ou gen atrit. Si ou kwè, wap geri. Pwoblèm do w ale. Ale, kwè.

292 Èske ou kwè ak tout kè w? La a, konbyen... Èske se yo tout nan liy la? Èske gen anpil nan rès liy la? Nou tout pase la a pou m ka mete men m sou malad yo. Annou bese tèt nou on minit, li inè pase. Bondye byenneme, m mete men m sou sè m, pandan ke onksyon Sentespri a la. Retabli I, nan Non Jezi. Byenneme Papa ki nan Syèl la, m mete men m sou frè m...[Espas vid sou kasèt la. Frè Branham ap kontinye priye pou malad yo-Ed.] ... Kwè.

293 Oh, nou pa priye pou ou, frè m? [Espas vid sou kasèt la-Ed.] ... Frè m, ou konn kisa li fè? Son vye chasè sèf. Li di ke I te gon fizi li te toujou fè lachas sèf avè I, men ke li te twò granmoun kounye a pou li al lachas. Li te vle pote fizi a pou ban mwen I. Amèn. Annou di, "Lwanj pou Seyè a." [Kongregasyon an di, "Lwanj pou Seyè a."]

Mwen renmen li,...

Pa bliye ti kesyon nou, poze li. Si ou pa genyen I jodi a, pote I Mèkredi ou Dimanch.

Paske Li renmen an premye

E li rachte...

Èske nou tout te nan liy priyè a, liy priyè a?

...sali

Sou bwa Kalvè a.

294 Panse kijan Li dou avè nou, kounye a. Jis panse, Li pwouve Pawòl Li! Wè? Kounye a gade, si m te ka geri, sa tap diferan, men se Limenm ki deja fè I. Wè? Alò Li jis pwouve Prezans Li isi a, "Se Mwen ki te mouri, e Mwen vivan pou toutan." Pat janm gon moun tankou Li. Li te on Nonm pou tèt Li. Li te Bondye. Wè? Pat janm gon òm ki viv tankou Li. Pat janm gon òm ki te fèt menm jan Li fèt. Pat janm gon òm ki te kapab fè sa Li fè. Pat janm gon òm ki mouri jan Li mouri. Pat janm gon òm ki resisite jan Li fè I. "Oh",ou di, "tann on minit, Frè Branham, gen

lòt ki te resisite.” Wi, men you mouri ankò, Men Li vivan pou toujou. Wè? Pa janm gon òm ki resisite tankou L. Li leve nan mitan mò yo, pou toutan.

295 [Frè Branham ap fredone *Mwen renmen Li*-Ed.] Annou jis chante l pou Li kounye a.

Oh, mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske Li renmen m an premye

E li rachte sali mwen

Sou Kalvè...

296 Annou jis bese tèt nou. Seyè Jezi, m renmen pèp sa a. E m jis kenbe yo Seyè, se pat entansyon mwen pou fè sa. Men isi a, anpil nan yo ap tann avèk timoun piti, yo grangou, yo pa konprann. Men yo rete la a, paske yo konnen ke lòm ka viv sèlman nan Pawòl Bondye a. E lè Pawòl la pwononse, e ke yo konnen L, Li manifeste, pwouve, alò yo konnen ke se Ou sèl. M priye pou chak moun. Beni yo, Papa. Ke yo rete an sante epi anfòm pou vwayaj la kap tann nou. Beni yo nan semèn lan. E si se volonte pa W, Seyè, ke nou ka rankontre isit la ankò Dimanch pwochen. pwochen saba, pou vin isit e adore, m priye, Bondye, ke Ou fòtifye yo. Kèk nan yo petèt pap kapab, kèk pral oblije rantre lakay yonan diferan kwen peyi a, petèt lòt bò dlo, oubyen andeyò Etazini. Nou priye pou Ou sa avè yo e ke Ou ede yo. Kite nou rankontre nan pye Jezi, on jou. Akòde l, Papa. Ede nou kounye a, alò ke nou renmen youn lòt, e ke nou kwè nan Ou, e nap espere ke on jou, lyen ki ini kè nou kounye a pral kòd Etènèl la, kite nou viv nan Vil kare sa a, pou toutan. Nan Non Jezi. Amèn. Trè byen.

Pote Non Je-...avè ou,

Timoun ki... (kounye a bay lanmen youn lòt)...

chagren;

Lap ba ou jwa...

Vire e bay lanmen a on moun, di, “M kontan mwen la a avè w, maten an.”

Pote l tout kote w prale.

Presye Non, Oh ala dous! (Bondye beni w, Ben.)

Espwa latè e jwa Syèl la;

Presye Non, Oh ala dous!

Espwa latè e jwa Syèl la.

Kounye a, tande sa kounye a, kounye a chante konsa:

Pote Non Jezi avè ou,

Tankou on bouklye kont tout pyèj yo;

Kounye a tande byen.

Lè tantasyon yo ap akimile,

(Kisa ?) Respire sen Non sa nan lapriyè.

Presye Non (presye Non), Oh ala dous!

Espwa latè e jwa Syèl la;

Presye Non!



